№15 (19899) hakikat_gazeta istina@etnomediadag.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ

# ХIакъикъат

МАГIАРУЛАЗУЛ РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛАБ КАЗИЯТ

19 апрель 2024 с. рузман

ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

## Нухал къачIазе миллиардалги, LTE бухьенги, гьалбадерил рукъзалги




17 апрелалда Лаваша районалда тIобитIараб данделъиялда бицана мугIрузул районал церетIезариялъул хIакъалъулъ. Республикаялъул хIукуматалъул нухмалъулев ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовасул бетIерлъиялда гъоркь тIобитIараб данделъиялда рорхана батIи-батIияв суалал.

### МагIарухъе нухал квегIен гьаризе

Масала, гьениб бицана мугIрузул мухъазде унел нухал къачIазе исана 7 млрд гъурущ биччан бугин абун. Гьединаб баян кьуна данделъиялда гIахьаллъарав республикаялъул транспорталъул ва нухазул магIишаталъул министр Жамбулат Салавовас.

Чанго районалде унел нухал ккола гьел. Кинабниги лъагIалил ахиралде къачIазе ракIалда буго 141 км нухлулги, базе буго лъабго къоги.

КъачIазе ругел нухал ккола Буйнакск-Гъизилюрт, Дилим-ИмангIали, Буйнакск-Гьенуб-ЧIиркъатIа шагьранухал. Гьединго къачIазе буго «Гъуниб-Вентляшевский перевал» шагьранухги. Гьеб ккола Гъуниса Хьаргабиреги ва гьениса цогидал мугIрузул мухъаздеги машинаби хьвадулеб шагьранух.

### Гьанги, нахги, нисуги

Республикаялъул росдал магIишаталъул министр Мухтарбий Аджековас бицана мугIрузул мухъазда консервал хIадур гьарулел заводал къачIаялъул бугеб кIвараялъул хIакъалъулъ.

ГьабсагIат республикаялда къватIире ричалел росдал магIишаталъул нигIматазул бащдаб къадар хIадур гьабула мугIрузул районазда. Азаргониги предприятиеги фермеразул магIишатги буго гьениб. Мисалалъе, гьоркьиса 115 млрд гъурщиде нигIматал хIадур гьарун руго мугIрузул районаз.

### Гьалбадерие санагIатал шартIал

ДРялъул туризмалъул рахъалъ министрасул тIоцевесев заместитель ГIабдула МухIамадовас бицана магIарухъ туризм цебетIолеб букIиналъул хIакъалъулъ.

Жакъа туристал къабул гьаризе батIи-батIияв районазда хIалтIулеб буго 175 объект. Аслияб къагIидаялъ гьел ккола гьалбадерил рукъзал. Гьезул гIемерисел руго Гъуниб, Хунзахъ, Шамил, Унсоколо, Дахадаев, ГIахъуша, Хьаргаби, Ахти ва Догъузпара районазда.

### Интернет гьечIого теларо

Цифровияб цебетIеялъул министр Юрий ХIамзатовас бицана 2024 соналда жаниб 29 росу хьезабизе бугин LTE бухьеналдалъун.

Гьеб мурадалда базе буго радиотелефоналъулаб бухьеналъул анкьго станция – цояб Гъуниб районалда ва анлъгояб рикIкIад ругел районазда (ЧIарада, ЛъаратIа, ЦIумада, ЦIунтIа, Ахти ва Дахадаев).

МагIарухълъи цебетIезабизе ккеялъул гIемер бицунеб буго ахирал соназда. ЛъикIаб гIумруялда хадур гIатIиракъазде гочунел гIадамал гIемерлъулел рукIиналъ росаби чIунтизе течIого, гьениб гIумру чIаголъизабизе букIине ургъулел руго батIи-батIияв программаби. Гьеб кинабго лъикIги буго. Амма росабалъ гIумру гьабун ругезул яшав лъикIлъизабиялде кIвар кьечIони, гьелъул хIасил абизегIанасеб букIинин ккоборо. Мисалалъе, газцин щвечIел районал магIарухъ жеги гIезегIан ругелъулха.

*Ашахан ЮСУПОВ*

СПОРТ

### Муса ГIазаевас турнир сайгъат гьабуна СВОялъул гIахьалчагIазе



6 гьум. >>>

РОССИЯЛЪУЛ СОЛДАТАЛ

### «Чарамул къолденги ретIараб дуца...»



8 гьум. >>>

ГАРА-ЧIВАРИ

### ВатIаналде тIадвуссине гьирагун...




9 гьум. >>>

# Унтарал - дарабазда хадур, жавабиял - багъанаби цIехолел

**Дагъистаналда унтарал дарабаздалъун хьезариялъул рахъалъ буго хIалалъул хIакъалъулъ бицун данделъи тIобитIана гьал къоязда ДРялъул ЖамгIияб палатаялъул хIаракаталдалъун. ЗахIматал, сахлъуларел унтаби ругел гIадамазе, кIудияб ригьалъул чагIазе чара гьечIого хIажатал дараби чIорого кьола пачалихъалъ, амма гьединал дараби гьечIин, лъугIанин, жидехъеги рачIинчIин абурал багъанаби ратула аптекабазда. Щай республикаялда унтаразе чIорого кьезе кколел дараби гIолел гьечIел, пачалихъиял аптекабазде гIураб къадаралда дараби щай рачIунарел? Гьеб ва цогидал суалал рорхараб данделъи тIобитIана ДРялъул ЖамгIияб палатаялъул сахлъицIуниялъул, социалияб политикаялъул ва хъизам цIуниялъул рахъалъ комиссиялъ..**



Данделъиялда гIахьаллъана ДРялъул хIукуматалъул нухмалъулесул заместитель ГIабдурахIман МахIмудов, сахлъи цIуниялъул министралъул заместитель Аздар Мирзоев, сахлъи цIуниялъул, захIматалъул ва социалияб политикаялъул комитеталъул председателасул заместитель ХIасан ГIусманов, ЖамгIияб палатаялъул председатель ГIазизбег Черкесов, Дагъистаналъул ТФОМСалъул, Россиялъул социалияб фондалъул Дагъистаналда бугеб отделениялъул, аптекабазул управлениялъул вакилзаби, республикаялъул сахлъи цIуниялъул идарабазул бетIерал тохтурзаби.

Пачалихъиял аптекабазда дарабазда хадур иргаялда чIарал унтаразул ургъелги, жидерго ихтияразул хIакъалъулъги лъаларел, лъаниги тIалабги гьабуларел гIадамазул къварилъиги бичIчIун, ЖамгIияб палатаялъул председателасул кумекчи ГIалибег ГIалиевас цIех-рех гьабун букIана гьеб суалалъул. ЧIорого щвезе кколел дарабазда хадур унтарал иргаялда чIараб пачалихъияб аптекаялъул бахъараб видеоги биччана гьес ЖамгIияб палатаялъул данделъиялда. Аптекаялда иргаялда чIарал гIадамаз бицунеб буго чIорого кьезе кколел дарабазда хадур чанго нухалда щваниги гьел гьечIин, жидеда гьабизе кIолеб жоги букIунарин абулеб бугин. Цо-цоязе хъварал дараби щоларого ункъо моцIги балеб буго.

Дагъистаналда чIорого дарабаздалъун хьезаризе кколел гIадамазе дараби щунгутIиялъе гIиллабазул цояблъун рикIкIунеб буго хIажаталгIан дараби росизе гIураб къадаралда республикаялъул бюджеталдаса гIарац биччангутIи.

«Льготниказе чIорого кьолел дараби росизе сахлъи цIуниялъул идарабаздаса рачIарал гIарзазда рекъон, гIаммаб къагIидаялъ 5,4 миллиард гъурущ кваригIуна. Республикаялъул бюджеталдаса абуни 2,3 млрд гъурущ биччан буго гьединазе дараби росизе. Республикаялъул бюджеталда гьелъие гIураб гIарац гьечIо», - ян бицана сахлъи цIуниялъул министралъул заместителас.

Унтарал гIадамазе чIорого кьезе кколел дараби щунгутIиялъе батIибатIиял гIиллаби рехсана данделъиялда. Гьеб суал цо данделъиги тIобитIун роцIцIинабизе бажаруларин рикIкIунеб буго ГI. ГIалиевас. Данделъиялда батIи-батIиял багъанаби рехсаниги, гьелъие аслияб гIиллалъун ришватчилъиги гIадатиял гIадамазул гIузрабазул ва къварилъабазул ургъел гьечIолъиги бугин абураб пикру загьир гьабуна гьес. Гьеб хIакъикъат республикаялъул нухмалъулезухъе щвезабизе хIаракатги бахъизе бугин тIадеги жубана.

Дараби чIорого кьола унтарал ва ресукъал гIадамазе. Аслияб къагIидаялъ гьел ккола нахъа кверчIвазе чи гьечIел гIадамал.

Гьеб масъала нижецаги газеталъул иргадулал номеразда борхила ва гьеб иш лъалел специалистазул пикраби загьир гьарила.

***П. СУЛТIАНМУХIАМАДОВА***

## КЪОКЪГО

2024 соналда «Земский доктор/фельдшер» программаялда рекъон, Дагъистаналъул росабалъ 170 чи хIалтIудалъун хьезавизе вуго.

Росабалъе хIалтIизе ине вуго 149 тохтур ва 21 фельдшер. ХIажатал хIалтIухъабазул сияхI лъун буго ДРялъул Сахлъи цIуниялъул министерствоялъул сайталда.

* * *

Исана Дагъистаналдаса хIежалде ине рес щвезе буго 10000 чиясе. 2023 соналде дандеккун 1000 квотаялъ дагь гьабун буго нилъер республикаялдаса хIеж борхизе унезул къадарин лъазабуна «Марва-тур» компаниялъул нухмалъулев Булат Къурбановас.

## БАРКИ



**РФялъул президент Владимир Путиница «Лезгинка» ансамблялъул нухмалъулев Жамбулат МухIамадов кIодо гьавуна Александр Невскиясул орденалдалъун. Президентасул рищиязда Путинил божарав чилъунги вукIана Жамбулат.**

**«ХIакъикъат» газеталъул коллективалъ баркула Жамбулатида шапакъат ва гьарула хIалтIулъ бергьенлъаби.**

# ГIемерал лъимал – гIемераб гIарац

**Цадахъго кIиго, лъабго ва цIикIкIун лъимал гьарурал, гьединго щуабилеб ва жеги хадусеб лъимер хъизамазда бугезе къуна цо нухалда кьолеб гIарцулаб выплата. ДРялъул ЗахIматалъул министерствоялда бицухъе, гьединаб 336 хъизам буго республикаялда.**



«О дополнительных мерах социальной поддержки семей, имеющих детей» абураб, ДРялъул бетIерас гъулбасараб указалда рекъон, 2007 соналъул 1 январалдаса байбихьун щуабилеб ва хадусеб лъимер гьабуразе цо нухалда кьезе бихьизабун буго 20 азарго гъурущ. АнцIабилеб ва хадусеб лъимер гьабуразе - 300 азарго гъурущ. КIиго лъимер цадахъ гьабуразе - 20 азарго гъурущ. Лъабго ва цIикIкIун лъимер цадахъ гьабуразе - 100 азарго гъурущ.

Исана январь-апрель моцIазда жаниб гьединаб кумек щун буго 336 хъизамалъе: щуабилеб ва жеги хадубги лъимер гьабуразул 291 хъизамалъе; анцIабилеб ва жеги хадусебги лъимер гьабуразул 4 хъизамалъе; цадахъго кIиго лъимер гьабуразул 40 хъизамалъе; цадахъго лъабго лъимер гьабуразул 1 хъизамалъе.

***М. МУХIАМАДОВ***

# Горбода мусруги жемун…

**Республикаялда ккарал автоавариязул хIакъалъулъ баян кьолаго, хьул букIуна гьалдаса хадубниги гьел дагьлъизе ратилин абураб. Амма пайда щиб? ЧанцIулго такрар гьабуниги, гьеб кьогIаб ва рокьукъаб статистика, цIи-цIиял баяназдалъун гIемерлъун гурони, дагьлъулебго гьечIо.**



БитIун кIалбиччанкъоялъул ахирисел къоязда республикаялъул батIи-батIиял районазда ккарал автоавариязул хIасилалда гIумруялдаса ватIалъана ичIгоялдасаги цIикIкIун чи. 75 чи лъукъана. Хваразда гьоркьоб буго лъабго лъимерги. 8-14 апрелалда республикаялда ккун буго 38 автоавария.

Цо къоялда жаниб кIиго ДТП ккана 17 апрелалда. Гьелъул хIасилалда кIиго чиги хвана. Гьезул цояб ккана Гъизилюрт шагьаралда. 24 сон барав чияс бачIунеб букIараб машина речIчIана КамАЗалда ва гIолохъанчи гьеб бакIалдаго хвана.

13 апрелалда МахIачхъалаялдаги Каспийскиялдаги гьоркьоб ккараб авариялъул хIасилалда гIумруялдаса ватIалъана ДРялъул мустахIикъав тохтур, машгьурав беразул хирург, Гъуниб районалъул ЧIохъ росулъа ГIабдулхIамид ГIалиев ва гьесул хъизан.

Гьес бачунеб букIараб Lexus автомобиль речIчIана нухлул ракьанда чIун букIараб техника баччулеб манипуляторалда.

17 апрелалда ЦIунтIа районалъул ХутIрахъ росулъги ккана цIакъ ракIгурхIараб иш. Рагьухъе тун букIараб УАЗ машинаялде жанире рахарал гIисинал лъималаз гьеб къеркьезабураб къагIида ва гирун ана кIкIалахъе. ХIасил - анлъго сон барай яс хвана, хутIарал лъимал больницаялде ккана. Машинаялъул бетIергьанасул агъаз гьечIолъи сабаблъун ккана гьеб пашманаб лъугьа-бахъин.

***Ашахан ЮСУПОВ***

## Лъазаби

2024 сон Россиялда лъазабун буго Хъизамалъул лъагIеллъун. ДРялъул бетIер Сергей Меликовас дагъалъ цебе лъазабуна, Хъизамалъул лъагIел кIодо гьабиялда бан, Дагъистаналда батIи-батIиял тадбирал тIоритIеян абун. Гьединлъидал, «ХIакъикъаталъул» редакциялъ ва Россиялъул халкъазул ассамблеялъул Дагъистаналда бугеб регионалияб гIуцIиялъ лъазабулеб буго «Дир хъизамалъул тарих» абураб къец. Гьеб тIобитIиялъул мурад буго росдал тарихалда лъалкI тарал ва лъикIаб хьвадиялдалъун машгьурлъарал хъизамаздаса мисал босизе гIолохъанаб гIелалъулъ гьира базаби.

Къецалда гIахьаллъизе ахIула 5-11 класазул цIалдохъаби, колледжазулгун лицеязул ва вузазул студентал, гьединго жиндир хъизамалъул хIакъалъулъ бицине гьира бугел киналго магIарулал.

Къец тIобитIизе буго марталдаса сентябралде щвезегIан. Хадуб макъалаби къезе руго жюриялъухъе ва гьезул пикруялъул къучIалда къезе руго шапакъаталги.

Киналго макъалаби рахьизе руго газеталда ва гьелъул букIине буго лъабго номинация:

1) МахщелчагIазул тухум; 2) Миллатазда гьоркьосеб хъизам ва гьелъул гIадатал; 3) Вакъадасул (якьадалъул) дарсал.

Макъалаялда цадахъ ритIизе ккола хъизамалъул сураталги.

Нужерго макъалаби ва суратал ритIе гьаб адресалде: **kavsarats@yandex.ru.**

# Искусствоялде рокьи сун гьечIо Башкириялда



**Гьал къоязда республикаялда гьоболлъухъ буго Башкириялъул Салаватиялъул цIаралда бугеб театр. Дагъистаналъул театралъул тарихалда гьел ккола тIоцебесеб нухалда нилъехъе рачIарал гьалбал. Федералияб программаялда рекъон Авар театралъ гьабураб хIалтIул хIасил ккола гьеб.**

16 апрелалда гьез бихьизабуна лъималазул спектакль - «Алладинил хIалкIояб чирахъ» абураб маргьа. Спектакль лъугIун хадуб Авар театралда гьез тIобитIана пресс-конференцияги.

Салаватиялъул драмтеатралъул хIалтIухъабаз бицана жидерго театралъул тарихалъул, Дагъистаналде рачIиналъул мурадалъул, жидерго репертуаралъул хIакъалъулъ. Пресс-конференция лъугIун хадуб, рехсараб театралъул бетIерай режиссер **Лиана Нигматулиналгун** гара-чIвариги гьабуна нижеца.

- Дагъистаналде дун цееги щун йикIана. ГIажаибаб рокьиги буго дир нужер ракьалде ва гIадамазде. Гьалбал хириял, умумузул гIадатал цIунараб халкъ буго нужер. Гьединго гIезегIан бечедаб буго адабиятгун маданияги. Гьеб киналдего тIадеги, Расул ХIамзатовасулги башкиразул халкъияв шагIир Мустай Каримилги букIараб гьудуллъиги гIеларищцха нилъее мисаллъун букIине, - ян абуна Л. Нигматулиница.

**- Авар театралъе къучI лъуралдаса тIадеялъул тIубала 90 сон. Гьединабго кIудияб тарих батила нужер театралъулги. Амма цоцахъе рачIунеб къагIида гьанже гурони билълъанхъизабулеб гьечIин ккола…**

- Цебе миллиял тетарал рукIана жалго жидеего гIуралллъун. Ниж - Башкириялда, Авар театр - МахIачхъалаялда. Цо кIудияб хIажалъи букIинчIо цоцахъе хьвадиялъул. Гьанжейин абуни ресал цIикIкIана сапарал ва гастролал гьаризе.

**- Башкириялда кинаб бугеб театралияб искусствоялдехун бербалагьи?**

- Башкириялда гьеб рахъалъ кидаго букIана лъикIаб бербалагьи. Хасго чIахIиял шагьаразда ругел театралде гьираялда рачIуна.

**- Нужер театралъул репертуар, аслияб кучалда, сундаса гIуцIун бугеб? Классикиял асаралищ гIемер ругел яги… Жакъасеб темаялда цIиял пьесаби хъвалел чагIи ругищ?**

- Киналго рахъаздалъун бечедаб репертуар буго нижер. Классикиял асаралги гьанже хъварал цIиялги руго.

**- Театралда гIумру хурхинабизе бокьарал гIемер ругищ?**

- Руго. Нижер театралъул къокъаялда вуго 39 чи. Гьезул гIемерисел руго гIолохъаби. Гьеб рахъалъ кваралъи гьечIо. Амма, гIаммгьабун босани, республикаялда гIолохъанал махщелчагIазул рахъалъ гIунгутIи буго.

*Ашахан ЮСУПОВ*



## АвторасуЛ бокIон

# Берцинаб махIцин букIуна газеталдаса

Ахираб заманалда нилъеца гIемер бицен гьабулеб бугеб рахъдал мацI цIуниялъул суалалдаго хурхараб буго миллиял мацIазда рахъулел газеталгун журналазул кIварги.

Жакъа газета цIали-цIалунгутIиялъул хIакъалъулъ хъвалаго, ракIалде щолеб буго лъимерлъи - 2000-абилел сонал, гьанжего гьанже телефонал раккулеб мех. ПалхIасил, гьеб заманалда тIубанго интернеталда хадургъун рукIинчIо гIисиналги чIахIиялги.

КIудияб гьираялда унаан щибаб хамизрузманалъ росулъ бугеб лъималазул библиотекаялде цIиял рачIарал «Росдал захIматчи», «ХIакъикъат», «Лачен», «Гьудуллъи» газеталгун журналал цIализе. ЦIакъго бокьулаан газета. Жеги ракIалда руго гьенисан цIалулел рукIарал макъалабиги гьезул аслиял героялги… РекIее гIурал макъалаби тIатIала вуссун чанцIул цIаларал?!

Газет-журналалъулгун гьудуллъи камурал гьеб заманаялъ къанагIатги рукIинчIо.

Амма, абухъего, пара-минут буго жалго гIадамалги гьезул гIумруялдехун бербалагьиги хисизе. Жакъа цебе рехсанщинаб вабилгIакса хисун буго. КъанагIатги дандчIваларо газета-журнал цIалулел гIолилал. Аслияб къагIидаялъ гьеб цIалулел ккола чIахIияб ригьалъул гIадамал.

Цо заманаялъ гIолилаз электронниял гурого тIахьал цIалулел гьечIинги бицунеб букIана. Жакъа гIемер руго ричун росунги тIахьал цIалулел. ЖамгIиял бакIаздаги гIезегIан дандчIвала телефоналъул бакIалда тIехь кодор ккурал гIолилал.

Амма газет-журналазул иш захIматаб хIалалда бугин абуни, мекъи ккеларо.

Гьелъие гIиллабиги гIезегIан ратила. Цо бугони, гIемерисез абулеб буго гIодоре риччан цIалдезе заман гьечIин. КIиабизе, цогидазда кколеб буго жамгIиял гьиназда дунял цIун бугеб информация газеталдасан цIалиялъул магIна щибилан.

Гьеб мекъаб пикру буго. ЖамгIиял гьиназда нилъеда ратула къокъго къурал цIиял харбал ва гьелда хурхун пикраби. Газеталдайин абуни – гьеб кинабго гIатIидго кьола.

Амма газеталда кьолел цIиял харбазул букIуна цо къадар. ХутIараб – нилъер тарихалдаги, маданияталдаги, рукIарахьиналдаги, магIарулазул жакъасебги цебесебги гIумруялъул хIакъалъулъ хъварал макъалаби, гьурал гара-чIварият. Газеталъул гьурмаздасан нилъеца цIалула цебе ва гьанже Дагъистаналъулги Россиялъулги тарихалда хасаб бакI жидеца ккола ракьцоязул, гьединго росабалъгун шагьаразда ругел гIадатиял магIарулазул хIакъалъулъ. РакIчIун абизе кIола – гьеб кинабго жамгIиял гьиназда къанагIатги батуларо. Гьеб киназдаго бичIчIулеб гьечIоха.

Цебехун абухъе, гIадамаз цIиял харбал аслияб куцалъ цIалулел руго официалиял сайтаздаса гуреб, жамгIиял гьиназда ругел батIи-батIиял гьурмаздасан. Гьениса информация къватIибе кьолеб куцалъухъ балагьани, нилъеда бихьула республикаялда ялъуни къватIиб ккараб лъугьа-бахьин хIалуцинеги гьабун кьун букIунеблъи. ЛъикIаб букIа, квешаб букIа – гьенир гьоркь гIадамаз хъвалел комментариязул рикIкIен гIемераб букIуна.

Амма хIисаб гьабураб мехалда, ракьцояз гьарурал лъикIал ишазул, гьезул бергьенлъабазул хъвараалдаса, кваригIел гьечIел ишазул, масала, чIвай-хъвеялъул, бикъа-хъамиялъул, рагъ-къалалъул хъвараб цIикIкIун букIуна. Щаялиго гIадамазулги цIикIкIун гьединаб цIализе гьира букIунеб буго.

Дунял хиса-сверулеб букIунин абулелъул, хьул буго, заманалдасан магIарулал, церего гIадин, гIасруялдасаги цIикIкIун мехалъ жиндирго халъалъул божараб чапарлъунги гьудуллъунги бугеб «ХIакъикъаталъул» гьасде тIадруссинилан.

*МухIамад МАНАПОВ*

СУЛЕЙМАН СТАЛЬСКИЙ ГЬАВУРАЛДАСА - 155 СОН

# Къоабилеб гIасруялъул «Гомер»

**Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовасул бихьизабиялдалъун исанасеб сон республикаялда лъазабун буго лезгиязул шагIир, Дагъистаналъул адабияталъул классиказул цояв, XX гIасруялъул «Гомер» абун Максим Горькияс цIар кьурав Сулейман Стальскиясул ЛъагIеллъун. Гьелда бан республикаялда байбихьана шагIирасул творчествоялъе сайгъат гьарурал тадбирал тIоритIизе. Хасго школазда. Учительзабаз кьолел руго шагIирасул творчествоялъе сайгъат гьарурал рагьарал дарсал, цIалдохъабазда гьоркьор тIоритIулел руго викторинаби ва батIи-батIиял творческиял къецал.**



Гимназиялъул цIалдохъабаз ва учительзабаз тадбиралъул гIахьалчагIазе кьуна музыкалияб салам. Гьез цIалана, ракIалдасан рикIкIана, ахIана шагIирасул кучIдул. Р. АбакархIажиевалъги бицана С. Стальскиясул ЛъагIел кIодо гьабун тахшагьаралъул школазда жеги тIоритIизе ругел тадбиразул.

Масала, гьединал тадбиразул цояб ккола МахIачхъала шагьаралъул школазул цIалдохъабазда гьоркьоб шагьаралъул лъай кьеялъул управлениялъул рахьдал мацIазул куратор Рукъигат АбакархIажиевалъул



нухмалъиялда гъоркь тIобитIараб шагIирасул кучIдул Дагъистаналъул миллиял мацIазда пасихIго рикIкIиналъул конкурс. Тадбир тIобитIана тахшагьаралъул №37 гимназиялда.

Школалъул жанахIалъуре лъугьунаго батараб адабияталъул бокIон сайгъат гьабун бугоан С. Стальскиясул творчествоялъе.

Дандельабазул залалдаги берцинго къачIан букIана шагIирасе сайгат гьабураб адабияталъул гьансито. Гьенире жанире лъугьиндал, Дагъистаналъул росулъе ккараб гIадаб асар гьабулеб букIана – киса-кибего умумузул квербагъари, гьез хIалтIизабулеб букIараб тIагIелгIучI. Тадбиралде рачIаразда адабияталъул байрам баркана ДГУялъул профессор Марина ХIасановалъ, ДГПУялъул ва Тахо-Годил цIаралда бугеб гIелмиябгун цIех-рехазул педагогикаялъул институталъул гIалимзабаз, шагьаралъул школазул учительзабаз, шагIирзабаз ва цогидалги гьалбадерица.

Гимназиялъул цIалдохъабаз ва учительзабаз тадбиралъул гIахьалчагIазе кьуна музыкалияб салам. Гьез цIалана, ракIалдасан рикIкIана, ахIана шагIирасул кучIдул. Р. АбакархIажиевалъги бицана С. Стальскиясул ЛъагIел кIодо гьабун тахшагьаралъул школазда жеги тIоритIизе ругел тадбиразул.

Дандеруссиналъул кIиабилеб бутIаялда цIалдохъабаз жидерго миллиял мацIазда рикIкIана Стальскиясул кучIдул. Щибаб номинациялда бергьарал цIалдохъабазе кьуна шагьаралъул лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулелъул цIаралдасан ХIурматалъул грамотаби ва дипломал.

ХЪИЗАМАЛЪУЛ ЛЪАГIЕЛ

# Инсан куцалеб къебелъи

**17 апрелалда ДРялъул Лъай кьеялъул министерствоялда цебе гIуцIараб лъай кьеялъул центр «Альтаиралда», Москваялдаса гьалбалги гIахьаллъун, тIобитIана регионазда гьоркьосеб «ГIагараб ракь лъазабиялъ куцала жавабчилъи цIикIкIарав инсан» абураб темаялда умумузул собрание.**

Тадбир рагьана ва нухда бачана ДРялъул лъай кьеялъул министрасул заместитель ХIажимурад МухIамадовас. Гьес кIвар кьуна лъимал куцаялъулъ хъизамазул бугеб кIваралде.

- Анкьумумулъанго ирсалъе кьун рачIунел руго нилъехъе жакъаги хъизамаз лъимал куцаялъул низамги тартибги. Дагъистан гьеб рахъалъан дунялалъего мисаллъун ккола. Унго-унгоги, хъизан ккола лъикIабщиналъул аслу. Гьедин букIинеги буго кидаго. Хъизамалъул къебелъухъ куцала унго-унгояв инсан, - илан абуна гьес жиндирго кIалъаялда.

Лъимер куцаялъулъ хъизамалъул бугеб кIваралъул бицана «Дагъистаналъул краевед» ДРОялъул вакил Ислам МухIамадовасги. Гьес кIудияб кIвар кьун бицана лъималазе тарбия кьеялъулъ музеязул бугеб кIваралъулги.

- Музеязда цIунун рукIуна нилъер миллатазул тарихги, гIадаталгIамалалги, маданиятги, рукIарахъинги бихьизабулел алатал. Гьенире гIемер хьвадизе ккола, лъималги рачун. Хъизамалъул кIвар бихьизабулел къецал тIоритIизе ккола гьезда гьоркьор. ГIагараб ракьалдасан байбихьула кIудияб ВатIаналде нух. Гьединлъидал гьеб нухде лъолел галабиги ракIчIарал рукIине ккола. Гьайгьай, гьеб киналъулъго мисалияллъун нилъгоги рукIине ккола. Хъизамалда щвараб тарбиялъул кьалбал щулиял рукIуна, кинаб гьеб батаниги. Тарбиялъул бачIинги нилъецаголъидал бакIаризеги ккoлеб, - ан бицана гьесги.

Собраниялда гIахьаллъарав Москваялдасагьобол, ТIолгороссиялъул умумузул ассоциациялъул вакил Алексей Гусевас бицана жидецаго гIумруялде бахъинабулеб бугеб «ГIагараб ракь лъазабиялъул музей» абураб проекталъул, гьелда рекъон тIоритIулел конкурсазул хIакъалъулъ.

- Дун Дагъистаналде кIиабилеб



нухалда щолев вуго. Гьаб буго гIажаибаб улка. Дида лъала Дагъистаналъул хъизамазул лъимал куцаялъулъ бугеб кIудияб жавабчилъиги. Гьаниса хъизамал гIемер гIахьаллъула нижеца тIоритIулел къецазда. МугIрузулаб улка гьеб рахъалъан мисаллъун ккола киназего, - ян абуна гьес.

Гьединго гьес ассоциациялъул Баркалаялъул кагътидалъун ва дипломалдалъун кIодо гьаюна «Бесдалал гьечIеб Дагъистан» гIуцIиялъул нухмалъулей Раисат ГIусманова.

- Нижеда цIакъ лъикI лъала Раисат МухIамадовнаги гьелъул хIалтIиги. Хъизамал гьечIел лъималазе эбеллъи гьабун бажарарай гьай бахIарчияй чIужугIадан ккола берцинлъиялъулги лъикIлъиялъулги хIикматаб мисаллъун, - илан абуна гьес, Раисатие шапакъат кьолаго.

Гьединго Москваялдаса гIахьалчагIаз онлайн-режималда бицана жидерго музеяз унго-унгояв инсан куцаялъулъ гьарулел ругел ишазул хIакъалъулъ.

Тадбиралъул ахиралда кIалъазе рахъарал собраниялъул учительзабигIахьалчагIазги бицана хъизамазулгун бугеб бухьеналъул, лъимал куцаялъе цадахъ рекъон гьабулеб бугеб хIалтIул хIакъалъулъ. Собраниялдаса хадур тадбиралъул гIахьалчагIи щвана «Альтаиралъул» музеялде.

***Шамай ХЪАЗАНБИЕВА***

# ГIакълу дандбан хIалтIизе ресги букIаго…

**ДРялъул Халкъияб Собраниялъул миллияб политикаялъул, жамгIиял ва диниял гIуцIабазда ва парламентазда гьоркьосел бухьеназул комитеталъ гьал къоязда халгьабуна республикаялъе кIвар бугеб цо чанго суалалъухъ.**



Гьезда гьоркьор рукIана цо-цо федералиял къануназда хиса-басиял гьариялъул суалалги. Гьезул цояб ккола «Къадар дагьал миллатазул ихтиярал цIуниялъул хIакъалъулъ» Россиялъул законалда хиса-басиял гьариялъул хIакъалъулъ» абураб. Баян гьабун абуни, Россиялъул законалда рекъон, Дагъистаналъулкиналгомиллаталросунругожидеркъадар дагьал миллатазде гьоркьоре.

Пачалихъияб Думаялда гьоркьоб лъезе тIадехун рехсараб законалъул проект босун буго чанго депутатасул хIаракаталда. Гьаризе хIисабалде росарал хиса-басиязул аслияб магIна ккола муниципалиял гIуцIабазул бутIрузда цебе жидер къадар дагьал миллатазул мурадал цIунизе гьеб миллаталъул вакилзабаздаса гIуцIарал советал рагьи. 70 батIияб миллаталъ гIумру гьабулеб Дагъистаналъеги гьеб букIинаан кIвар цIикIкIараб иш. Жакъа миллаталъул мацIазулги гIадатгIамалалъулги, культураялъулги суал буго жамгIияталъул моралияб рахъалъул суал. Щайгурелъул жидерго мацIги цIарги цIунизе бажарулареб жамгIияталъухъа щибха бажарилеб?! Нилъер республикаялда буго 32 батIияб мацI. Гьезул 18-ялъул гьечIо хъвайхъвагIай. Амма жиб-жиб миллат буго заман бахъанагIан цебетIолеб, чIагояв черх гIадаб жо. Заманаялъ бихьизабулеб буго къадар дагьал миллатазул мацIал дагь-дагькккун хъвай-хъвагIай бугезде сверулел рукIин, гьезул миллиял гIаламатал церетIолеблъи. Масала, 90-абилел соназдаса хадуб агъул ва цахур миллатаз гIуцIана жидерго мацIалда хъвай-хъвагIай. Гьеб цебетIей бараб буго дандчIвалел захIмалъаби къезариялда. Гьеле гьениб кIудияб кумек букIинаан муниципалитетазда гIуцIизе ругел советазул, суалал дандран цадахъаб хIукму къотIизе ва гьеб гIумруялде бахъинабизе. ХIакъикъаталдаги Дагъистаналда, магIарулаздасан байбихьун, киналго миллатазул руго, гьединаб закон гьечIониги, тIолабо миллаталъул тIалаб-агъаз гьабулел гIадамазул къокъаби.

Цогидаб закон ккола «Культуриялгун миллиял автономиязул хIакъалъулъ» законалда хиса-басиял гьариялъул хIакъалъулъ» абураб. 2015 соналдаго Россиялъул миллиял ишазул агентствоялда гIуцIун букIана миллиялгун культуриял автономиязул Консультативияб совет. Гьениб халгьабула улкаялда гьел гIуцIабазда бугеб ахIвал-хIалалъул ва кумек гьабула миллияб маданият, адабият, мацI цIуниялда хурхарал суалал тIуразариялъе. Амма гьединал гIакълу дандбалел советал рукIинчIо Россиялъул субъектазда ругел культуриялгун автономиязул. Рехсараб законалда гьаризе хIисабалде росарал хиса-басияз рес кьелаан букIараб гьединалго советал гIуцIизе муниципалиял гIуцIабаздаги. «Рес кьелаанила», «лъикIаб букIинаанила» абурал рагIаби гьаб макъалаялда рехсеялъе гIилла буго Халкъияб Собраниялъул тIадехун рехсараб миллияб политикаялъул, жамгIиял ва диниял гIуцIабазда ва парламентазда гьоркьосел бухьеназул комитеталъ, республикаялъул Миллияб политикаялъул ва диниял ишазул министерствоялъул пикруялда тIадги рекъон, гьел федералиял законазул проектазул рахъ кквечIолъи.

ГIадатияв дагъистанияв, гIемерал соназ республикаялъул пачалихъиял гIуцIабазда хIалтIарав чи хIисабалда дида лъикIаблъун бихьула, гьел советал гIуцIиялъул рахъги ккун, гьелъ миллатазда ва хIукуматалъул идарабазда гьоркьоб дагьабги гъункараб цоцазда ричIчIи лъугьинабизе рес букIинаби. Щайгурелъул гьелъ рес кьола гIакълу дандбан хIалтIизе. Дандельиялда дица дирго гьединаб пикру загьирги гьабуна. Амма… хьул буго кидакъадги нилъ гьелде рачIиналде.

Миллатазул мацIалги миллияб культураги, умумузул гIадаталги цIуниялда хурхун гьединал тадбирал гIумруялде рахьинариялъ нилъер миллатазул гIаммаб цебетIеялъе кумек гурони, квалквал гьабизе гьечIо.

*Зикрула ИЛЬЯСОВ*

## Маданияб ирсалъул бечелъи

**Щибаб санайил, 18 апрелалда, кIодо гьабула ТIолгодунялалъул памятниказул ва тарихиял бакIазул къо. Гьеб къо байрамлъун лъазабуна ЮНЕСКОялъ ва 1984 соналдаса нахъе кIодо гьабула дунялалъул гIемерисел улкабазда.**

Россиялъул империялда памятникал цIуниялде кIвар къурав чи ккола Петр I. 1722 соналда гьес гъулбас гьабуна памятникал ва архитектураялъул бакIал цIунизе кколин абураб указалда. Гьеб указалъул квербакъиялдалъун жакъа къоялги цIунун хутIун руго гIемерал тарихиял архитектураялъул памятникал.

Ахирал соназда рагьун руго виртуалиял музеялги. Гьез рес кьола рокъосанго музеязда ругел экспонатазухъ халгьабизе.

Нилъер улкаялда бищун гIемер гIадамал унеб бакI ккола Эрмитаж. Гьенибе бакIарун буго улкаялъул кIодолъиялъе ва цогидаздаса батIияб букIиналъе нугIлъи гьабулел гIемерал экспонатал. Музеязда цIунун ругел тIагIел-алатазул кумекалдалъун нилъеда лъала цебе гIадамазул кинаб рукIа-рахьин, щиб гьез хIалтIизабулеб ва кинаб гIумру гьезул букIарабали.

ЮНЕСКОялъ сияхIалде босараб 17 архитектурияб памятник буго Россиялда. Гьениб гьоркьоб буго Дербенталъул басрияб авалгун Нарын-хъалаги. Щуабилеб гIасруялда персаз жалго цIунизелъун бараб щулияб хъалаялъул, басрияб шагьар жанибе бачараб, кIиго рахъалдаса бараб къед жеги цIунун хутIун буго.

ЮНЕСКОялъ Дербенталъул хъалаги басрияб шагьарги дунялалъулго кIвараллъул ирсалъулаб бечелъилъун рикIкIуна.

Дагъистаналда буго маданияб ирслъун цIунизе кколеб 6391 объект (объект культурного наследия - ОКН). Гьезда гьоркьоса 1953 объект буго федералияб кIваралъул, 4627-яб - регионалияб кIваралъул ва 10 ОКН - муниципалияб кIваралъул. Гьединго пачалихъияб кIваралъул 2325 объектги тIатинабун буго. Дагъистаналда ругел гьел объектал цIунулеб, гьезие хьулухъ гьабизе тIадаб идара ккола ДРялъул маданияб ирс цIуниялъул агентство.

*П. МУХIАМАЕВА*

## БАРКИ

«ХIакъикъат» газеталъул хIалтIухъан Рукъият ГIалисултанова йиго журналистасул тIадал ишал лъикI лъалей ва ракIбацIцIадго хIалтIи гьабулей гIадан. Расги кIвахIаллъичIого гьарула гьелъ магIарухъе сапарал ва хIаракат бахъула гIадатиял гIадамазул гIумру бихьизабизе, бакIазда ругел масъалаби рорхизе.

Гьединай жигарай журналист йикIиналъ жиндирго гIагараб Казбек районалъул жамгIияталъ дагьал церегIан къоязда кIодо гьаюна гьей кIиго шапакъаталдалъун, ай «Честь и слава» ва «За веру и службу России» абурал медалаздалъун.

«ХIакъикъаталъул» коллективалъ баркула Рукъиятида шапакъатал ва гьарула хIалтIулъ бергьенлъаби.




## КОНКУРС




## БАЯН

**28,5 миллиард. ГIамм гьабун гьеб къадар долларазул толеб буго Дубаялда туристаз.**

# Муса ГІазаевас турнир сайгъат гъабуна СВОялъул гІахьалчагІазе

**Гъал къоязда Казбек районалъул Дилималда тІобитІана Муса ГІазаевасул цІаралда бугеб ва гьесго гІуцІараб ДЮСШалда эркенаб гугариялъул рахъалъ санайилго гъабулеб тІолгороссиялъул турнир.**

**Муса ГІазаев ккола 1999 соназул районалъул ополчениялъул гІуцІиялъул цевехъан, Халкъияв БахІарчи.**



М. ГІазаевас С. ГІумахановасе сайгъат гъабуна Къуръан



ХІажимурад Амиев - Салатавиялъул бахІарчи

Гьеб турниралда хІурматиял гьалбаллъун рукІана Пачалихъалъул Думаялъул депутат Сайгидпаша ГІумаханов, Халкъияб Собраниялъул депутат Камилпаша ГІумаханов, Тольятти шагьаралъул «Союз Дагестанцев» абураб культуриябгун просветительнияб централъул председатель Жамбулат Надирбегов, ЖамгІияб палатаялъул вакил ГІамир ГІазаев, лъай кьеялъул министрасул заместитель ХІажимурад МухІамадов, Россиялъул ОМВДялъул Ветераназул советалъул председатель Зайбодин ГІумаров ва цогидал.

Районалда гьеб турнир тІобитІана 29-абилеб нухалъ.

«Гьаб тадбир дица хурхинабуна жакъа Украинаялда унеб хасаб рагъулаб операциялъул гІахьалчагІазда. Гьединлъидал данделъиялде ахІун рукІана Казбек районалдаса СВОялъул 38 гІахьалчи. Гьезда гъорлъ вуго Калининаулалдаса, «БахІарчиясул орденалъе» ва «Суворовасул цІваялъе» мустахІикълъарав ХІажимурад Амиевги. Гьесие нижецаги «Салатавиялъул бахІарчи» абураб тІадегІанаб цІаралъул медаль кьуна», - ян бицана Муса ГІазаевас.

Турниралда 15 спорталъул мастер гъорлъ ругел спортсменазеги хІадурун руго шапакъатал, грамотаби ва гІарцулал призал: - 1 - бакІалъе - 100 азарго гъурущ, 2 – абилеб бакІалъе - 50 азарго гъурущ, 3 - абилеб бакІалъе - 25 азарго гъурущ.

Турниралде рачІун рукІана кисаго спортсменал, 1999 соназул ополченцазул къокъа, СВОялдаса отпускалде рачІарал гІолохъаби. Районалъ гьезие сайгъат гьаруна ракІалдещвеялъул сайгъатал – шапакъатал.

Турниралда гІолохъабаз бихьизабуна жидерго къуват, къадру, эркенго гугари, цоцаздехун бугеб адаб-хІурмат.

Гьенир тІоцебесеб бакІалъе мустахІикълъана Хасавюрталдаса Сайтиевасул цІаралда бугеб школалъул гугарухъан ХІабиб Мехтибеков, кІиабилеб бакІалъе Казбек районалдаса ГІали ГІалиев, лъабабилеб бакІалъе щвараб приз - 25 азарго гъурущ гьоркьоб бикьана Казбек районалдаса Даниял Султанмирзаевас ва Хасавюрталъул УОР школалъул Муса ГІалибулатовас. Гьезие гІарцул призалда цадахъ кьуна медалал ва грамотаби.




Бергъаразе шапакъатал

Ахиралда жиндирго кІалъаялда Сайгидпаша ГІумахановас абуна: «Киназдаго лъала гьаб 29-абилеб турнир букІин. Гьаб турниралдаса гІемерал лъикІа-лъикІал гугарухъаби рахъана тІолгодунялалъулаб даражаялда. Гьаб турнир лъил цІаралда гьабулеб бугебали лъаларев чиги ватиларо нилъер. Муса ГІазаевас щибаб санайил жиндирго гьавураб къоялде тІобитІула гьадинаб данделъи. Муса вуго бищун захІматаб мехалъ районалъеги республикаялъеги ватарав чи, доб, 1999 соналъ цадахъ жиндирго спортсменалгун цевехъан гІадин цевеги ун (гьев вукІана цевехъанги политикги). ТІасияб соналъ букІине буго лъеберабилеб турнир. РакІалда буго, Муса-шайих ГІазаевасул юбилейги бугелъул (75 сон), гьебги спорталъул 30 сонилаб юбилейги цадахъ кІодо гьабизе Хасавюрталда, Спорталъул КІалгІаялда. Гьенибе ахІула «ХІакъикъат» газетаги. Нужее киназего сахлъиги кьеги, рохалида таги киналго. Гьал нилъер СВОялъул гІахьалчагІиги жакъа Украинаялде нахъе унел, гьезие ва дораго ругезеги гьарула бергьенлъигун тІадруссине. Нилъ чІухІула нилъерго районалъул гІолохъабаздаса. Хасго Казбек районалдаса руго гьенир, цогидал районазде дандеккун, бищун гІемерал гІолохъаби. Унго-унгоги гьездаса чІухІула дун», - ан абуна гьес.

Турниралъул ахиралда Муса ГІазаевас киналго гІахьаллъаразеги, бергьенлъи босаразеги, босичІезеги баркала загьир гьабуна. Гьев кидаго вохарав вуго ва, щиб къваригІаниги, хІалай вахъине хІадуравги вуго киназего кумекалъе.

***Рукъият ГІАЛИСУЛТАНОВА***



# Чакъалал гIемерлъи - гIадамазе зарал



**Шамил районалъул ГьентIа росдал бегавул Хадижалов ХирамухIмадица редакциялде битIун бачIараб кагътида хъвалеб буго:** *«Гьидерил росабазул гIадамазул гIарзал руго чакъалал гIемерлъун ругин, гьез гьабулеб заралги цIикIкIунеб бугин абун. ХIакъикъаталдаги къасикъаси рохьахъ, гIалахалда букIуна чакъалазул руруди. ХIатта гьел рачIунел руго росулъе, минабазул азбаразде жидеего кванаze жо балагьизе. Кулабазда ва гIалахалда гьез чIвалел руго рукъалъул хIайванал ва хIанчIал. ГIадамаздасаги гьел хIинкъулел гьечIо. Гьеб балагь тIаса босизеян нигатги гьабун, чакъалазда рагъ лъазабун буго ГьентIаса чанахъан Даниев МусагIалица. ГьоркЬиса гьес чIвана микьго чакъал, кIиго бацI, исана - лъабго бацIги анцIго чакъалги. Гьелдаго цадахъ МусагIали вуго махщелчиги. Гьес къачIала бокьараб машина, регьола махх, гьарула минаби раялъул ва гьел къачIаялъул хIалтIаби, гьабула ахихъанлъи ва найихъанлъи, бачуна пандур, ахIула кечI. Кинаб бугониги къваригIелалъ аскIове чи вачIани, гьесул букIуна цо жаваб: «Гьеб бигьаяб жо, гьабсагIат гьабила», - абураб. Бокьилаан жамагIаталъул рахъалдасан, «ХIакъикъат» гьоркьобккун, МусагIалие баркала кьезе»,* - ян.

## Мисал босизе мустахIикъав

Ниж дандчIвана МусагIалигун ва гьес бицана жиндир нигат бугила чакъалазул къадар кIварабгIан дагь гьабизе. Хадубги гьес абуна: «Советияб заманалда чакъалал ва бацIал чIварав чиясе кьолаан гIарцулаб шапакъат, колхозалъ - куй, гьезул цIаказухъ щолаан саламатаб багьа. Жакъа гьеб къагIида гьечIо, гьединлъидал чанахъабазеги бокьулеб гьечIо, гIакъубаги бихьун, чан гьабизе. Гьединго хиралъун руго патронал. Цурдузде дандеккун, чакъалазде чан гьаби, гьел гудраз кквей ккола цIакъ къобихьулеб хIалтIи. Дир пикруялда, гьеб ишалде чанахъабазул гьира базабиялъе, чара гьечIого хIажат буго цебе букIараб куцалда шапакъатал кьолеб къагIида цIигьабизе.

Чакъалал гIемерлъиялъе гIайиб буго гIадамаздаги. Росабалъ, кулабазда цебе ккаралъуре рала кванил нигIматазул хутIелал. Гьезда гьоркьоб букIуна чакъалазе бокьулеб ракьа-макъар, чед, махI бахъараб гьан, ччугIа ва гь.ц. Чакъал ккола кинабго жо кунеб жанавар. Гьелъ кванала пихъ, борхьал, кьинчал, гIункIкIал, цIадалхIамул, хIанчIи. Бищунго бокьула балкан.

Инсанасе зарал гьабуларин абуниги, хасало ракъарал гьел чиясде тIаделъизеги рес буго. Чакъал букIине бегьула тIурул унти щвараб, ва гьединаб жанаваралда лъаларо щибго хIинкъи, гьеб тIаделъизе бегьула бокьарав чиясде», - ян.

## Лицензия хIажалъула

Гьеб масъалаялъул бицун ниж дандчIвана ДРялъул чанахъабазул гIуцIиялъул председатель МухIамад-Садир Ибрагьимовгун.

- ДагъистаналдачаНахъабаз щибаб соналъ чIвала гIага-шагьарго 120-150 чакъал. Жакъа мухIканго лъалеб гьечIо республикаялъул ракьалда ругел бацIазул ва чакъалазул къадар, гIей гьечIеб куцалда гIуцIун буго гьезул хIисаб-суал гьаби.

Рукъалъул ва гIалхул хIайванал чIвай гуребги, бацIазгун чакъалаз хIайваназдеги хIанчIаздеги рахинарула захIматал унтаби. Гьединлъидал гьел чIвазе бегьула рии-хасел цIехечIого. Гьайгьай, законалъ изну кьоларо лицензия гьечIого чан гьабизе. Амма нагагьи кколаро гьел чIваялдалъун тамихI гьабиялъул яги гIакIа къотIиялъул хIужа.

Чакъал ккола гьитIинаб бацIида релълъараб ва гьвеялдаса гьитIинаб черхалъул жанавар. РачI рикIкIинчIого, гьелъул черхалъул халалъи бахуна 80 см, борхалъи - 50 см, цIайи - 7-10 килоялде.

Чакъал буго кутакалда къохIехьолеб жанавар. Амма гьеб хIинкъула кIудияв чиясде гьужум гьабизе. Лъималин абуни гьездаса цIунизе ккола.

## Чакъалалъ хIанчIани, щиб гьабилеб?

Гьеб суалалъе жаваб кьуна республикаялъул травматологиялъул ва ортопедиялъул централъул тохтур ИсмагIилов Сайпудиница:

- Чакъалалъ кIал бараб лъугьа-бахьин ккани, кIванагIан хехго ругьун бацIцIине ккола, цинги сапунги бахун, чвахулеб лъеца гьеб чурила ва спирт яги йод бахина. Собоялде ва тIурищвеялде дандечIолел прививкаби гьариялъе, гьебго къоялъ хитIаб гьабила нижер централде яги бищун гIагарда бугеб больницаялде.

## Баян

Чакъалалъ бала 10-12 сон. Гьезул тIелалъулъ букIуна 10-30 рухI. Гьез цоцазулгун бухьен ккола рурудиялдалъун ва батIи-батIиял гьаркьал гьариялдалъун.

Чакъалазул «рос-лъади» хвезегIан цадахъ рукIуна.

Чакъалалъ гьабула 2-4 тIинчI.

ЦIакъго бакъани, гьелъ кванала чIахIги.

Чакъал кверде ругьунлъула цIакъ бигьаго.

Юкалда жаниб хIинкъи бугеб алат балагьиялъе «Аэрофлот» компаниялъ хIалтIизарула гьведулгун чакъалалъул хьон жубан лъугьараб «шабака» абулеб рухIчIаголъи.

*Нури НУРИЕВ*

## РекIел ахIи

**«Нижер минаялда лъун буго 2015 соналда къватIибе биччараб газалъул счетчик. ВачIун инспекторас лъазабуна гьеб счетчикалъул болжал кIиго соналъ цебе лъугIун бугилан. Счетчикалъул паспорталда хъван буго гьеб хIалтIизе бихьизабураб болжал, бищун дагь, анцIго сон бугин. Кида гьеб хисизе кколеб ва газалъул идараялъ цебеккунго лъазабизе кколеб букIинчIищ хисизе кколеб заман?»**

*Гьаб суалалъе жаваб кьуна «Газпром межрегионгаз Махачкала» АОялъул консультант АхIмадова Мадинаца:*

- Газалъул счетчикал рукIуна батIи-батIиял. Гьезул техникияЛ паспортазда бихьизабун букIуна гьел хисизе кколеб заман (5-8-10 сон). 2011 соналъул 6 маялда РФялъул хIукуматалъ къабул гьабураб «О предоставлении коммунальных услуг собственникам и пользователям помещений в многоквартирных домах и жилых домов» абураб №354 хIукмуялда рекъон, жалго бетIергьанаб минаялъул хважаинзабаз газалъул счетчик хисизе ккола гьеб хIалтIиялъе бихьизабураб болжал ун хадуб яги гьеб хIалтIулеб гьечIони. Счетчик хисизе ккола лъеберго къойил болжалалда жаниб.

Счетчикалъул бетIергьан ккола минаялъул хважаин. Гьединлъидал хважаинас жинцаго лъазабизе ккола управляющий компаниялда счетчик хIалтIулеб гьечIин ва гьеб хисизе заман щун бугилан. Жиндир заманалда счетчик хисичIони, бухIараб газалъухъ гIарац босула нормативалда рекъон, ай счетчикалъ бихьизабулелдаса саламатго цIикIкIун. Газалъул идараялъ цебеккунго лъазабизе кколаро счетчик хисизе кколеб заманги.

Газалъул счетчик хисизе изну букIуна гIицIго «Газпром межрегионгаз Махачкала» АОялъул хIалтIухъабазул, УКялъул, ТСЖялъул яги гьелъие хасаб изну бугеб компаниялъул мастерасул. Амма, лъица счетчик хисаниги, гьелъул халгьабизе ккола гьелъие ихтияр кьураб компаниялъ.

Счетчик хисиялъухъ кьезе кколеб гIарцул къадар бараб букIуна гьабизе кколеб хIалтIул захIмалъиялда ва гьелъул роцен байбихьула 758 гьурщидаса тIаде.

Жалго бетIергьанаб ва приватизациялъе щвараб мина-рукъалда бугеб счетчик босиялъухъ, хисиялъухъ ва халгьабиялъухъ гIарац кьезе ккола хважаинас.

Муниципалиял ва ведомствениял минабахъ счетчик лъеялъухъ ва хисиялъухъ гIарац кьола бюджеталъул сурсаталдасан, халгьабиялъухъ - мухьдахъ ккураб квартираялда гIумру гьабулев чияс.

Рукъалъул бетIергьабазул ихтияр букIунаро жидецаго газалъул счетчик хисизе. Хважаинасе бокьани, хIалтIулеб газалъул счетчик хисизе, гьес гьеб хIалтIухъ гIарац кьезе ккола.

Рокъоса къватIире рахьинчIого, газалъул счетчикалъул халгьабизе кколеб мех, гьеб хисизе кколеб заман, гьединго гьелъ бихьизабулеб гIарцун роцен лъазе бокьани, хитIаб гьабизе бегьула «Контакт-централъул» гьаб номералде ахIун: **8-800-200-98-04.**

Техникияб паспорталда бихьизабураб заманалда газалъул счетчик хисичIони яги гьеб хIалтIудаса вахчарани, тIаде къотIула азарго гьурщидаса кIиазаргоялде щвезегIан гIакIа. Гьелдалъун авария яги сахлъиялъе ва гIумруялъе зарал ккани, кьезе ккола анцIазарго лъеберазаргоялде щвезегIан гьурущ. Цоги нухалда гьеб низам хвезаби такраргьани, тIаде къотIула 50 азарго гьурущ.




**«Дун ккола ДРялъул культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан. Гьеб цIар бугел чагIазе «Ветеран труда» абураб цIар кьолеб бугин рагIидал, документалги росун ана Гъуниб районалъул социалияб рахъалъ цIуниялъул отделалде. Гьениб, гьединаб цIар кьеялъул хIакъалъулъ выписка букIунарингин абун, нахъчIвана. Киса дица гьеб выписка тIалаб гьабизе кколебали лъазабуни бокьилаан. Дихъ бугеб, тIад номер, сон, къо-моцI хъвараб удостоверение гIоларин, чара гьечIого выписка къваригIунин абулеб буго».**




*Гьаб суалалъе жаваб кьуна ДРялъул бетIераб архивалъул хIалтIухъан ГIисаева ПатIиматица:*

- Гьеб цIар кьуралдаса лъабго сон ун батичIони, выписка босизе ккола ДРялъул Культураялъул министерствоялдаса. Лъабго сон ун хадуб, гьелъул документал рачIуна нижер архивалде. Лъабго сон ун батани, паспортги гьеб цIаралъул удостоверениеги босун, гьей гIадан архивалде ячIани, нижеца гьелъул мурад тIубала.

# «Чарамул къолденги ретIараб дуца…»



**ЦIадуца боркьараб жергъен гIодоб лъун,**
**Жавгьарул хвалченги борчараб дуца.**
**Чиллайдул гъалалги чахтIинир рахчун,**
**Чарамул къолденги ретIараб дуца…**

***Загьид ХIАЖИЕВ***

**Аминат, дур цIаралъ пана гьаюрай гIумруялъул пикру гьабулей йиго. Мун ракьцояй ятун йохиялдаса талихIалъул магIу гируleб буго. ГIочIлоса ясалъул къиса цIалидал, цIаруцIун роржуна пикраби зодор. ВатIаналде гьелъул рокьи рагIидал, гьелегьуна гьинал рекIелъ цо къуват. МугIрузул гIолилай гIолел гIелазе бахIарчилъиялъул мисаллъун йиго. ЧIужугIаданалъул недегьлъиялъухъ рагъул кьогIлъи, согIлъи босана дуца. Мун – дир улкаялъул мустахIикъай яс, мун – дир ватIаналъул тIадегIанаб цIва. Дагъистаналъулгун Калмыкиялъул цIар борхатго ккурай дир магIарулай.**

## Лъимерлъиялъул анищалъул куркьбалги хьвагIулаго...

Социалиял гьиназда ГIочIлоса гIолилалъул хIакъалъулъ цIалидал, гIажаибаб асар гьабуна дие. ТIадежоялъе автоматги кодоб ккун бахъараб гьелъул суратальги пикраби рихха-хочизе гьаруна. Ва ракIалде ккана гьелъулгун бухьен кквезе. Телефоналдаса Аминатил гьаракь рагIидал, щаялиго ракIкъварилъизеги бачIана.

Гьаюна ва гIуна Аминат Калмыкиялда. ГIемер щола Дагъистаналде, гIагараб росулъе. Аминатил хъизамалда гIуна щуго яс ва цо вас. Гьей ккола яцазул бищун гьитIинай. Лъабго яц ригьнада руго Дагъистаналда – Гъизилюрталда, МахIачхъалаялда, Муцалаулалда. Аминатица Калмыкиялда лъугIизабуна медколледж. 2020 соналда ана Москваялде хIалтIизе. Гьений гIолилай йикIаго, байбихьана хасаб рагъулаб операция…

*- Дида цадахъ хIалтIулей йикIарай медсестра тIоцересел къоязго ана гьение. Дирги ракI цIалеб букIана добе, гьитIинаб къоялдаса нахъе анищлъун букIараб хъулухъалъухъе. Лъимерлъиялдасаго бокьун букIана дие рагъулай хъулухъчIужулъун яхъине. Амма лъиениги къабуллъулеб букIинчIо. Дуе гьеб щайилан абулев гурони чиго вукIинчIо. Киназго абулеб букIана захIматаб хIалтIи бугин гьебилан. Амма дида кIолеб букIинчIо анищалдаса инкар гьабизе. Доя йигей гьалмагъалъухъе гIемер кIалъалаан дун. ЛъагIалидасан гьей тIадюссун ячIиндал, дун гьелъухъе гIедегIана. Нуж бицун божилароха, дицаго бицунелъулги, тIолабго черх цIунцIрахун унеб буго – гьелъул рекIелъ букIанщинаб чIухIи, жиндасагоги, ватIаналдасаги, ватIаналъул васаздасаги.*

*Аслияб чIухIи - гьелъухъа бажарана лъукъарал хвасар гьарун, гIумруялде гьезул рокьи тIадбуссинабун. Гьеб гурищ инсанасул гIумруялъул магIнаги – ватIаналъе пайдаяйлъун ятун бажари. РекIел тIиндасан бачIунеб кинабалиго гьаркьалъ рахIат толеб букIинчIо дие. Ва дун нухда яхъана, лъимерлъиялъул анищалъул куркьбалги хьвагIулаго. Гьайгьай, дица лъиданиги я инсуда, я яцазда, я гIагарлъиялда бицинчIо гьение уней йигилан. Ахиралда дица абуна дун хIалтIудаса командировкаялъ йитIулей йигилан абун. Яцал гIода-чIвадун лъугьинарищха, щай дуе гьеб букIарабилан абун. Инсуца абуна жиндир ракIчIолила контракт дуцаго хъван батиялдаян. Гьесда лъалелъулха дир гIамал. Ясазул бищун гьитIинай йикIиндал батилаха, гьес гогьдаризаюлаан дун, жакъа къоялъгицин дун кIудияй гIечIо гьесие. Угьунги биччан, пикрабалъеги ккун, гьес дида абуна:*

*- Дир яс, дун дудаса чIухIула. Биччанте дуцаго тIаса бищаралъ гIицIго ракI бохизабизе дур. Инсул рокьиги босе цадахъ. Бищун дуе захIматал лахIзатаз биччанте гьелъ гогьдаризайизе мун, - илан.*

*- Дун дудаса чIухIула – инсул цохIо гьал рагIабазе гIологицин хъулухъ гьабизе ккола дица ВатIаналъе. Гьез куркьбал гъуна дида.*

*ТIубана дир лъимерлъиялъул анищ. Ва гьале дун – ТIадегIанасул кумекалдалъун хвелгун къеркьолеб гIумру хвасар гьабизе гьитIинаб букIанигицин хьулгун...*

## Кодоб автоматгун унеб механда...

Аминатица жинцаго хъулухъ гьабулеб бакIалдаса битIун бачIана ГIамир Юсуповасул видеорепортажги. Луганскиялде щун руго Рос-




- Дун дудаса чIухIула – инсул цохIо гьал рагIабазе гIологицин хъулухъ гьабизе ккола дица ВатIаналъе. Гьез куркьбал гъуна дида. ТIубана дир лъимерлъиялъул анищ. Ва гьале дун – ТIадегIанасул кумекалдалъун хвелгун къеркьолеб гIумру хвасар гьабизе, гьитIинаб букIаниги, хьулгун…

сиялъул телевидениялъул тIоцебесеб каналалъул мухбирзаби.

- Западалъулаб рагъулаб округалъул ракьулъ бугеб 150-абилеб медицинаялъулаб батальон. ЛъебергогIанасеб блиндаж. Районалъул больницаялъул даражаялда ругоан гьенир медицинаялъул къайиялдалъун хьезарурал палатабиги. Реанммациялъул палатагицин бугоан гьениб.

Гьений лъукъарал хвасар гьарулей йиго нилъер Аминатги.

*- Рагъулаб авлахъалдеги чанги ккола. Лъукъарал солдатал, тIоцебесеб медицинаялъулаб кумек щварабго, жалго хъурщизе ккола госпиталалде щвезегIан. Чамалиго километралъ хъурщизе ккараб мехги букIуна. Гьезда аскIобе машина бачине санагIалъи букIунарелъул. Нилъер васазул къохIехьеялъги бахIарчилъиялъги кьолеб буго кIудияб къуват. Гьездаго цадахъ хъурщулей йиго дунги, масала. Дуца гьикъулеб буго, кодоб автоматгун унеб механда рекIелъе хIинкъи бачIунарищилан абун. Гьаниб рагъда – гьеб хIинкъи лъугIула. ХIинкъизе ккола, лъукъарал солдаталгун цадахъ мун ячIунелъул, нагагь тушман аскIовеги гIагарлъани ва духъ щибго гьечIони... Рецц Аллагьасе, дица гьеб жеги цониги кьвагьизе ккечIо, гIицIго полигоналда гуреб. ЧIужугIаданалъе гьеб кьвагьизе бихьиназги киданиги тезе гьечIо. Берцинал рагIабигицин гIолел гьечIо дие Россиялъул солдатазул бихьинчилъиялъул, цоцаздехун бугеб адаб-рокьиялъул бицине. Рагъулаб гьудуллъиялдаса хIайранаб гьудуллъиги букIунеб батиларо. Цоцазе бикьанагIан, гIемерлъула гьаниб рокьи. Дун СВОялде ине йигин рагIараб механда, цо-цоязул пикрабигицин рукIана гIарцуе гIоло уней йигилан абураб. Дир хIакъалъулъ цо-цояз хъварал комментариязги ракIбакъвазабичIого хутIулеб гьечIо – чIужугIаданалъул иш гурила рагъде ин. Гьей йижун йигила хъизан гIуцIизе гIоло. Добго гIарацги ракIалде щвезабулеб буго... гьанир ругел бихьиналги кколарищ кинай йигониги чIужугIаданалъул васги, вацги, росги, гIагарав чиги. Бидаги рецIцIулаго, гIумруялде кIудияб гIищкъугун хвелгун къеркьолел ругел гьезие кумек гьабизе щвей сунда бащалъулеб?!*

*- КигIан захIмат ниж лъукъун ругониги, хIатта гъеж-квер черхалдаса ратIалъун аниги, нужеда, хъахIмакказда, берчIвайдал, цо нижее лъугьунеб бигьалъи, нужеда лъалебаниха, - йилан абураб солдатазул калам рагIидал, кинабго захIмалъи кIочон тола. Ва гьел лахIзатаз бичIчIула дицаго гьабулеб бугеб хIалтIул багьаги. КинабгIаги гIарцухъ гьеб кьоларо.*

*Гьедин абула дида командир Владимир Кудряшовасулги, эмен Малачи Зубаировасулги балагьияз. Гьезул бераз бицуна дие кинабго. Гьедин абула нижеца хвасар гьарурazги, кумек гьабуразги ва нижее вацаллъун лъугьарал цогидал солдатазги.*

## Дагъистаниязде урхъараб салам

Гара-чIвариялъе гIемер заман букIинчIо Аминатил. Гьелъул кумекалде хIажатал гIемер рукIинги бичIчIун, дица хабар къокъ гьабуна. Ва ахиралдаги гIолилалъ абуна:

*- Амма киназдаго бичIчIулеб букIарабани, гьаниб медсестрабазул кумек кигIан хIажат бугебали, гъодинал комментариял рижизе рукIинчIо. Гьединал гIиси-бикъинал жалазухъ гIинтIамизе заман гьечIо дие гIумруялда, ишал дагьалги тIадегIанал руго.*

*Аллагьасул кумекалдалъун, дихъа бажарарабгIан, санагIалъи ккарабгIан заманалъ хъулухъ гьабизе буго гIагараб ВатIаналъе, гIарцуе гIоло гуребха - гьединаб буго дир рекIел ахIи. КIудияб Россиялъе гIоло, ГIагараб Дагъистаналъе гIоло, дие кIиабилеб ватIанлъун лъугьараб Калмыкиялъе гIоло, гьитIинаб ватIанилан абуниги, дица кIудияллъун рикIкIунел Хунзахъ районалъеги, ГIочIло росдаеги гIоло, гIагарав инсуеги гIоло, цохIого цохIо вугев вац МухIамадрасулие гIоло... гьедула ВатIаналъе хъулухъ гьабизе. Эбелалъул рухIалъе гIологи. Лъала, гьейги дидаса чIухIун ятулейлъи. Коронавирусалъул заманалда гьей гIумруялдаса ятIалъана. Дир вац ккола дунялалъул кубокалъул, спорталъул мастерлъиялде кандидат. Вац гьечIев гьесие вацлъиги гьабизе бокьун буго.*

*Бихьугеги нилъер наслабазда рагъул кьогIлъи. Нилъеда, КIудияб Бергьенлъиялъул ирсилазда гIадин, лъиданиги бичIчIуларо рагъул ва ракълил багьа.*

*Дир рахъалдаса дагъистаниязда бице урхъараб салам. Нужеде кIудияб рокьигун ва адабгун Аминат Зубаирова, - гьадин лъугIизабуна Аминатица диргун бухьен...*

Аминатица битIун бачIараб видеороликалъухъ халгьабидал, цIидасанги пашманал пикрабаз кверде йосана. Гьуинаб макьуги, эркенаб гIумруги, талихIаб къисматги рагъул гъугъаялъухъ хисарал бахIарчиял мугIрул руччабаз цохIо жидеего хасаб къиса хъвалеб буго улкаялъул тарихалда. ВатIаналъул унти жидераблъунго къабул гьабурал гьезие даимаб рецц!

***Шамай ХЪАЗАНБИЕВА***

# ВатIаналде тIадвуссине гъирагун…

**«ХIакъикъаталъул» гьурмазда гIемер хъвана республика бахун къватIир гIумру гьабун ругел, магIишат-яшаваль Дагъистаналдаса рикIкIаде рачарал ракьцоязул хIакъалъулъ. Гьединазул цояв ккола Плехановасул цIаралда бугеб РЭУялъул (Российалъул экономикияб университет) преподаватель, рагъулаб самбоялъул рахъалъ Россиялъул мустахIикъав тренер, «Спарта» МЦЕялъул президент МухIамад МухIамадовги. МухIамад ккола Болъихъ районалъул МигIарсо росулъа. 2000-2005 соналда лъугIизабуна ДГПУялъул физкультуриябгун педагогикияб факультет. 2017-2020 соназда лъугIизабуна РПАялъул (Российская Правовая Академия) магистратура.**

**2022 соналда цIализе лъугьана Плехановасул цIаралда бугеб РЭУялъул аспирантураялде ва цадахъго кьолел руго физкультураялъул дарсалги. М. МухIамадов ккола жамгIияв хIаракатчиги ОСПДялъул («Дагъистаналъул патриотал» жамгIияб гIуцIиялъул) учредительги. Гьесул квербакъиялдалъун гIемерал данделъаби тIоритIула ва хасго гьес хIаракат бахъула нилъерго студентазде цIикIкIун кIвар кьезе, гьезулгун данделъаби тIоритIизе.**

**Дагъаб цебегIан Москваялда, гьесул хIаракаталдалъун тIобитIана, гьенир гIумру гьабун ругел Болъихъ районалдаса гIадамазул кIал биччаялъул данделъи, студентазулгун дандчIвай, ракIарун рукIана тохтурзаби. Гьел данделъабазул хIакъалъулъ гьадин бицана МухIамадица:**

- Араб моцI бечедаб букIана данделъабаздалъун. Щибаб данделъиялда рорхула кIвар бугел, хасго дагъистаназда хурхарал суалал ва щивас хIаракат бахъула жиндаса бажарараб кумек гьабизе. ГIемераб заман инчIо, Дагъистаналдаса ракьцоялги ракIарун, Плехановасул цIаралда бугеб университеталда данделъи тIобитIаралдаса. Гьенив аслияв гьоболлъун вукIана РФялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат Сайгидпаша ГIумаханов. Гьединго данделъиялда гIахьаллъи гьабуна политикиял гIелмабазул доктор Камил Ландаца, машгьурав речIчIухъан ХIамзатхан МухIамадхановас (Волкхан), Российалъул бахIарчи ДибирхIажи МухIамадовас, Москваялда бугеб «Дагъистаналъул патриотазул» гIуцIиялъул нухмалъулев Тажудин Исрапиловас ва цогидазги.

Гьенир рорхана студентазе кIвар бугел суалал, бицана цоцаздехун букIине кколеб бербалагьиялъул, ругеб бакIалда нилъерго хьвада-чIвадиялъул, ватIанги ракьги кIоченчIого, ругеб бакIалда берцинго чIезе кколеялъул. Бихьизабуна Дагъистаналъул хIакъалъулъ бахъараб «МацIазул мегIер» абураб фильмги. Сайгидпаша ГIумахановас Баркалаялъул кагътал кьуна данделъи гIуцIизе квербакъаразе. ЛъикI цIалулел студентазе Шамил ГIумахановасул фондалдаса стипендияги бихьизабуна.

**- Гьединаб бербалагьиялъ, данделъабаз нилъер лъималазда, студентазда бихьулеб батила жал рехун тун гьечIеблъи, рикIкIад ругониги аскIор ракьцоял рукIин.**

- ЦIализе лъугьунев щив чи вугониги, больницаялда ругел унтаразе, юридикияб кумек хIажатазе нижер кьокъаялъ кумек гьабизе хIаракат бахъула.

Дагъаб цебе нижеца тIобитIана Москваялда хIалтIулел нилъер тохтурзабазулгун данделъи. Ункънусгоялдаса цIикIкIун тохтур вуго нилъер Москваялда. Гьезулги буго жидерго кьокъа, нижеца гьезда цIехола кив щив вугев, кумек хIажатав чи вугищин абун. Гьез бицуна щиб больницаялда, кинаб унтигун Дагъистаналдаса чи вугевали, щиб кумек гьесие гьабизе бегьулебали.

Москваялда ва областалда вуго кIинусазаргоялдаса цIикIкIун дагъистанияв. Гьезул анцIго процентниги данде гьабизе кIвани, гьениб кIудияб, лъикIаб ракьцоязул хъизам лъугьинаан.

**- Хъизамалъул бицунаго (исанасеб сон Хъизамалъулаблъунги кколелъул), щиб кколеб дуего хъизам?**

- Хъизам дие буго тIоцебесеб бакIалда. Дие гурониги, щивав чиясеги гьеб букIунеб батилин ккола бищун цебе. Дир буго кIудияб хъизам - кIиго вас, кIиго яс. Бищун кIудиясул 13 сон буго, бищун гьитIиналъул - 3 сон. Щивав жиндирго пишаялде вуссун вукIуна. Васазул дирго гIадин спорталде цIикIкIун цIайи буго. КIудияв васас батIи-батIиял турниразда, чемпионатазда цересел бакIалги ккола. Школа, ясли-ах, суратал рахьи, цIалдей – гьединаб тартибалда уна къо. Къуръан цIализе, аятал лъазаризе тIамула. Гьезул гьира базе букIине, лъазабуралда рекъараб гIарацги кьола. Гьединго цIалуде гьира базе букIинеги гIарац кьола. Масала, щуйилаб ккани, амма кIийилаб щвани нахъеги босула.



М. МухIамадов Хизри Абакаровгун

**- Лъималазда лъалищ магIарул мацI?**

- Нижерго росдал мацIалда кIалъазе хIаракат бахъула, гьоркьогьоркьоб гIурус бицинчIогоги хутIуларо. Дидаго лъала магIарулги нижергоги мацIал.

**- Лъимал гIемераб хъизамалъул бетIер хIисабалда, дур гIадатияб къо кин унеб?**

- Радал сагIат ункъоялда тIаде вахъуна, как бала, Къуръан цIалула, хадур цогидал тIахьал цIалула. Анкьго тIубазегIан заман уна гьедин. Цинги къоялъ гьабизе бугелъул план бахъула диего, хьвала кинабго. Хадув хIалтIуде уна, университеталде. Къаси рокъове щваравго лъималгун заман тIамизе хIаракат бахъула. Къаси анкьгоялда тренировкабазде уна, ичIгоялдехун щола рокъове.

**- Ахирисеб нухалда кинаб тIехь цIалараб?**

- Цо тIехь цIалун хутIуларо дир. Имам Шамилил, Дагъистаналъул тарихалъул, экономикаялъул хIакъалъулъ тIахьал цIализе бокьула. ЦIалараб тIохьол конспектги гьабула.




**- Жакъа росулъе гочине ккани, щиб хIалтIи-пишаялде мун вуссине вукIарав?**

- Кида-къадги Дагъистаналде, росулъе тIадвуссине гьира буго дир. ГьабсагIаталда гочине кканиги, хIалтIи гьечIого дун хутIиларо. Росдал депутат хIисабалдаги, хIалбихьи бугев гIуцIарухъан гIадинги администрациялде инаан хIалтIизе. Гьадинги дие гьениб хIалтIизе бакI кьолеб букIана.

**- Отпускалъул заман Дагъистаналда тIобитIулеб батила нужеца...**

- Маялъул ахиралда дица хъизан-лъимал росулъе тIоритIула. Июналъул ахиралда дунгоги вачIуна ватIаналде. Риидалил заманги хIухьбахъиялда унин абизе кIоларо. Араб соналдаги ниж рукIана сборазда. Щибаб къойил, радалалдаса къасилъизегIан расписаниялда рекъон зарядка гьабулаан, рекерулаан, лъедолаан, хIалаан. Гьедин ругьунлъабиги тIоритIун, Болъихъ районалда къецал тIоритIана нижеца. Гьеб букIана районалъул гIадамал цолъиялъе, 1999 сон ракIалде щвеялъе, СВОялъул гIахьалчагIазул хIурматалда, гьезие квербакъиялъул мурадгун тIобитIулеб турнир.

**- Москваялда буго Дагъистаналъул вакиллъи. Гьелъулгун кинаб бугониги гьоркьоблъи бугищ? Гьеб вакиллъиялдасан захIматаб хIалалде ккарал дагъистаниязе щолеб кумекго букIунищ?**

- ГIемерисезда гьединаб вакиллъи букIинцин лъалеб батуларо. ГьедигIанги щоларо гьездаса кумек, щоларо гьезухъе тIаде инеги. Цебе кIалъан ине бегьулел рукIарал ратани, гьанже цебеккунго сайталда хьвай-хъвагIай гьабун гурони гьенире риччаларо.

**- Лъалеб жо буго Москваялда жакъа цIикIкIун щолеб харжги букIин, бетIербахъиялъе ресал ралагьун гьенире гIолилал унел рукIинги. Пуланав чи вачIунев вуго Москваялде. Щиб гIакълу дуца гьесие кьелеб, кинаб малъа-хъвай гьабилеб?**

-ТIоцебесеб иргаялда гьесда лъазе ккола киса жив вачIаравали ва щиб гьабизе вачIаравали. Кин гьес жив вихьизавуниги, гьесухъ балагьун кьимат кьола Дагъистаналъе. Нилъер гIадаталги гIамалги лъаларев чи гьечIелъул, берцинаб хьвада-чIвадиялда вугев чиясдехун гьанибги лъикIаб бербалагьи букIуна. Руго бигьаяб гIарцуда хадур лъугьун, гIадлу-низам хвезабуралги. Руго жанир ккаралги, ккечIого хутIаралги. Гьезие кумек гьабизе хIаракат бахъула нижеца. Дихъе рачIуна ходатайство хъвайин, тренировкабазде хьвадулин, лъикIаб гIамал бугин абун хъвайилан.

Нилъер гIолилазе, кир ругонги, гIолареб жо ккола цолъи. Цоял мегеж бугелин, цоял тIарикъаталъулалин абун, рикьалаби руго нилъеда гьоркьор. Киб щиб хабар кканиги, гьитIинал-кIудиял – киналго лъугьуна жиндирго пикру загьир гьабизе, цоцазде гIайиб-гьвел базе. Гьеб кинабгоги тун, нилъее хIажат буго цоцалъ рекьон, кIудиязда нахъги рилълъун, цолъизе.

*ПатIимат МУХIАМАЕВА*

# Масъалаби тIурала, бергьенлъигун тIадгируссина

**ВатIаналде къоккараб мехалда нахъекъан чIолареб лъикIаб хасият буго нилъер гIадамазул. Хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазе квербакъизе бокьаралги рагъул цебесеб кьерде ине кколаро, жиде-жидер пишаялда, хIалтIуда рукIунги рес буго ВатIаналде ккараб къо борхизе. Нилъер аскариялгун цадахъ СВОялда хъулухъ тIубазабулел медицинаялъул хIалтIухъабазги бихьизабулеб буго бахIарчилъиги къохIехьейги. Тылалда ругел гьезул пишацоялги кидаго кумекалъе хIадурго чIун ратула.**



**Баян**

**Шамил ГIусманов 2001 соналда ДГМАялде цIализе лъугьана ва 2005 соналда Самараялъул медицинаялъул институталде ана цIализе. 2008 соналда цIалиги лъугIун, Буденновск шагьаралъул 205-абилеб мотострелковияб дивизионалъул, реактивияб артиллериялъул хасаб дивизионалъул медицинаялъул хъулухъалъул нухмалъулевлъун хIалтIана. 2013 соналда гьев тана Краснодаралъул тIоцебесеб ракетазул бригадаялъул медицинаялъул хъулухъалъул нухмалъулевлъун. Гьенивги микьго сональ хIалтIана. СВО байбихьидал, 136-абилеб мотострелковияб хасаб бригадаялда цадахъ медицинаялъул хъулухъалъул нухмалъулев хIисабалда гьениве витIана.**

ЧIарада районалъул Гьочоб росулъа рагъулав тохтур, майор Шамил ГIусмановас СВОялда хъулухъ гьабулеб буго гьеб байбихьаралдаса нахъе. 136-абилеб мотострелковияб хасаб бригадаялда медицинаялъул хъулухъалъул нухмалъулевлъун хIалтIулев вуго гьев. Кьалул майданалда аскариязе тIоцебесеб кумеклъунги, гIахьалалдаса хвасарлъиялъе сабаблъунги батула гьес нухмалъи гьабулеб медицинаялъул къокъа. Медицинаялъул хIалтIухъабазеги кумек хIажатал бакIал дандчIвала гьенир. Лъукъарал раччизе санагIатал машинаби, медицинаялъул алатал ва цогидабги хIажатаб къайи битIула нилъер гIадамаз СВОялъул гIахьалчагIазе. Гьале дагьаб цебегIанги Дагъистаналъул «Медицина катастроф» централъул коллективалъ, бетIерав тохтур Наби Къураевасул нухмалъиялда гьоркь, бакIарун гIарацгун лъукъарал аскариял раччизе санитарияб автомобиль битIана СВОялде.




136-абилеб мотострелковияб бригадаялъул хасаб къокъаялъул цIаралдаса Дагъистаналъул «Медицина катастроф» централъул коллективалъе ва бетIерав тохтур Наби Къураевасе баркала загьир гьабун бахъараб видео битIун бачIун буго Шамил ГIусмановас:

«Лъукъарал аскарияд нахъе раччизе, нижее цIакъ кваригIун букIараб, санитарияб автомобиль битIун бачIана Наби Къураевас ва гьес нухмалъи гьабулеб централъул хIалтIухъабаз. Кидаго гуро цогидаб техникаялда бажарулеб гьадинаб санитарияб машина бачунеб бакIалде ине. Машинагун цадахъ рачIун руго хисизе бурдулги, лъукъарал раччизе малиги, гьединго магIарухъа бакъвараб бакь ва цогидал нигIматалги. Гьаб буго «Медицина катастроф» централъ кIиабилеб нухалда нижее гьабулеб кумек. Баркала буго нужее. Нижецан абуни, церелъурал масъалаби тIурала ва бергьенлъигун тIадруссина».

Аскариязе кверабакъи гьабурал Дагъистаналъул медицинаялъул хIалтIухъабазухъе баркалаялъул кагъат битIун буго рагъулаб часталъул командир полковник А. Ковалевас.

Гьочоса Шамил ГIусманов, СВОялда хъулухъ гьабулебгIан заманаялъ, мустахIикълъана батIи-батIиял шапакъатазе. Гьев таваккалав магIаруласул жигаралъ чанги хIинкъи бугеб тIадкъаялдаса хадур аскариязул сахлъи цIунана. 2023 соналъул марталда ва апрелалда Авдеевкаялда хъулухъ гьабулев вукIарав Шамилица ракълилал гIадамазе квербакъи гьабун, гьел хIинкъи гьечIеб рахъалде рачана. Гьелдаса хадуб «За спасение погибавших» абураб медалалъе мустахIикълъана ГIусманов.

Гьоркьиса риидал, гьениб жидецаго гIуцIараб медпунктална, захIматго лъукъарав чи хвасар гьавуна Шамилица операцияги гьабун. Гьелъухъги «Лука Крымскиясул» медалалъе мустахIикълъана гьев. Гьеб ккола рагъулалгун авлахъалъулал хирургазе кьолеб медаль. Хасаб рагъулаб операция байбихьаралдаса хадуб «За боевые отличия» абураб кIиго медальги кьун букIана Шамилие.

Дагьаб цебегIан «Халкъияб фронт» абураб регионалияб фондалъул «ГIагараб Дагъистан» абураб жамгIияб гIуцIиялъ Шамил ГIисаев кIодо гьавуна «Дагъистаналъул халкъияв бахIарчи» абураб шапакъаталдалъун. Дагъистаналъе гьабураб хъулухъалъухъ «Народный герой Дагестана» абураб меседил цIва кьуна гьесие рехсараб жамгIияб гIуцIиялъул нухмалъулев ХIабиб Давудовас.

«ЦIакъ гIодове виччарав, рекIелъ чIухIи гьечIев чи вуго Шамил. Отпускалъ вачIараб мехалдаги гьев, тIоцебесеб иргаялда, кIудиязухъе щола. Гьезул рокъоб гьабизесеб хIалтIи батани, расги чIухIичIого, азбаралъуб, хуриб хIалтIиги гьабула гьес. Эбел-инсул къимат цIунарав васлъун вукIана гьев гIодосанго. ВатIаналде щвараб мехалда лъимал-хъизамалде цIикIкIун кIвар кьола. Жиндирго лъабабго лъимадуе кваригIанщинаб жоги чIезабун тIадвуссуна гьев тIадаб хъулухъ тIубазе», - ян бицана Шамилил хIакъалъулъ гьесул имгIал МухIамадзагьирица.

## ДОНОРАСУЛ КЪО

# Бидул нахърател букIуна

**Щибаб санайил, 20 апрелалда, Россиялда кIодо гьабула Донорасул къо. Гьеб къоялъ нилъер республикаялдаги тIоритIула батIи-батIиял тадбирал. Масала, гьеб къоялъ газетазулгун журналазул басмаханаялда цебе тIобитIана цо гьединаб тадбир.**



17 апрелалдайин абуни, «Дагъистан» РИАялда тIобитIараб пресс-конференциялда ДРялъул сахлъи цIуниялъул министралъул заместитель Ярослав Глазовас ва би кьолеб станциялъул бетIерай тохтур Хадижат Танкаевалъ бицана корпоративияб донорлъиялъул хIакъалъулъ.

Х. Танкаевалъ бицухъе, 2023 соналда Дагъистаналда донораллъун рахъана 16 азаргоялдаса цIикIкIун чи. 2022 соналде дандеккун гьоркьиса кIиазарго чияс цIикIкIун кьун буго би.

«Корпоративияб донорлъиялъул магIна ккола би кьолеб станциялъ батIи-батIиял идарабазда донораззул къо тIобитIи. Пачалихъалъул гIуцIабазде кагъталги хъван, пуланаб къоялъ гьезул хIалтIухъабаз би кьезелъун къотIи-къай гьабула. Гьелъ рес кьола хIажатаб къоялде бидул нахърател гьабизе», - ян бицана Танкаевалъ.

ХIурматияв донорлъун вахъине бегьула щибаб сональ би кьолев чи. Нилъер улкаялда гIадин, цогидал пачалихъазда би кьурав чиясе гIарацги кьоларо, «хIурматияв донорасе» рихьизарурал бигьалъабиги гьечIо.

Я. Глазовас бицана кваригIан ккедал хехаб кьагIидаялъ би хIажат бугин абун ахIи балеб гIадат бугин нилъер гIадамазул. Нагагь би кваригIун бугони, Би биччалеб станциялъ жидецаго балагьулин гьеб ва унтарасул гIагарлъиялъ ралагьизе кколарин донорал.

«Цо-цо гIуцIабаз, кумек гьабизелъун би кьезе гIадамал ритIун рачIуна. Амма гьез гьабизе кколеб иш гуро гьеб. Республикаялда щиб кканиги хIажатаб къадаралда бидул нахърател букIуна. Циндаго рачIун нусго чияс кьураб би хIажалъичIого, заман индал тIагIинабизе ккола. Гьединлъидал Би биччалеб станциялъ лъазабун гурони би кьезе ине кколаро», - ян бицана Глазовас.

*Гьумер хIадур гьабуна П. СУЛТIАНМУХIАМАДОВАЛЪ.*

# Халкъалъ кьуна къимат

## Исана 75 сон тIубала Шамил районалъул ГIурадаса МухIамад МухIамадзагьидовас

**Росдал школа лъугIидал, МухIамад цIалана Буйнакскиялъул педучилищеялда ва хадув – Дагъистаналъул пачалихъияб педагогияб институталъул филологияб факультеталда.**

**Институтги лъугIизабун, гIагараб районалде вачIарав гьев тIамуна районалъул лъай кьеялъул отделалда хIалтIизе. ВукIана методистлъун ва хадув хIалтIана инспекторлъун. Мехго балелде хIалтIизе вачана Дагъистаналъул Лъай кьеялъул министерствоялде. Гьенивги вукIана инспекторлъун.**



Дагъаб заманалъ министерствоялдаги хIалтIун, М. МухIамадзагьидов ана Советияб армиялде. «ТIадегIанаб лъай бугелъул, дица рагъулаб хъулухъ гьабуна гIицIго цо лъагIалица. Гьениса тIадвуссиндал, витIана Буйнакск шагьаралъул администрациялъул лъай кьеялъул отделалде хIалтIизе», - ян ракIалде щвезабуна гьес. Гьений цIалулей йикIана МухIамадил хьизан ПатIиматI. КIиго лъагIалидаса гьел тIадруссана гIагараб районалде ва МухIамад хIалтIана районалъул лъай кьеялъул управлениялъул отделалъул нухмалъулевлъун.

«ЦогIаги кьоялъ школалда дарс кьечIев мун лъай кьеялъул отделалъул инспекторлъунги нухмалъулевлъунги кин къабул гьавурав районалъул школазул учительзабаз?» - ан гьикьидал, МухIамадица бицана: «Дол соназда, республикаялъул цогидал районаздаго гIадин, нижехъги цIакъ дагь рукIана тIадегIанаб лъай бугел махщелчагIи. Гьединлъидал батила, дунги районалдаго тарав ва гьанжего гьанже цIалун лъугIарав гIолохъанав махщелчи районоялда хIалтIизе тIамиялда гIажаиблъизе кколаро. Доб заманалда рукIарал нухмалъулезул пикруялда рекъон, дирги букIун батила цогидазе малъа-хъваял гьариялъе гIураб лъай. Дицаги хIаракат бахъана дида гьабураб божилъи ритIухъ гьабизе».

Гьесда цадахъ ОНОялда хIалтIарав ва хадубккун Советск (Шамил) районалъул КЦСОНалъе нухмалъи гьабурав ЗахIматалъул ветеран Лабазан Элдарбеговас гьадин бицуна лъай кьеялъул управлениялъул отделалъул нухмалъулевлъун тарав МухIамадил гIуцIарухъанлъиялъул хIакьалъулъ: «Байбихьудаго гьес кьучI лъуна цIияб методикаялда рекъон школазда хIалтIи гIуцIиялъе. Школазда рукIарал басрияб программабиги хисизарун, школазул хIалтIи камиллъизабизе куцана гьес ОНОялъул хIалтIухъаби. Аслияб кIвар буссинабуна гIолеб гIелалъе тарбия кьеялде», - ян.

РайОНОялъе 10 соналъ нухмалъи гьабуна М. МухIамадзагьидовас. Гьелдаса хадув гьев вачана КПССалъул Шамил райкомалъул гIуцIиялъул отделалда хIалтIизе ва 1991 соналда тIамуна тIоцевесев секретарьлъун. Амма гьеб хъулухъалда заман бачIо. Гьелъие гIиллалъун ккана советияб улка бихxи, пачалихъалдаго жамгIиялгун политикиял хиса-басиял ккей.

Хадусеб щуго соналъ М. МухIамадзагьидов хIалтIана ХIебда росулъ букIараб транспорталъулаб предприятиялъул нухмалъулевлъун. Ва 1997 соналда вищана Шамил районалъул администрациялъул бетIерлъун. Рищиязда гIахьаллъулев вукIарав МухIамадил хIакьалъулъ гьадин хъван букIана доб заманалда ГьентIаса ХIажимухIамадил вас МухIамад-хIажияс: «ТIоцебесеб иргаялда, МухIамад кидаго вукIана ва жакъаги вуго чияда вачIевлъун ва лъиениги налъулавги гьечIо гьев. Гьев киданиги лъиданиги аскIове инчIо, жиндие хъулухъ кьеян гьарун», - ан.

ХIалуцараб къеркьей букIана рищиязда. МухIамад бергьана, ва 13 соналъ районалъе бетIерлъиги гьабуна гьес. ЗахIматаб заманалда районалъе нухмалъи гьабизе ккана гьес, амма бажарана, районалъул бюджеталда бугеб щибаб копекалдаса мунпагIатги босун, гIемерал лъикIал хIалтIаби гьаризе. Гьелъие сабаблъун ккана 1980 соналдаса нахъе районалъул советалъул депутатлъун вукIинги: гIагараб ракьалъулги гьениб гIумру гьабулел жамагIатазулги гIузраби кутакалда лъикI лъалаан гьесда. Районалда цониги росу яги кули букIинчIо МухIамад щвечIеб. Районалъул бетIерлъун вищун хадубги гьесие хасиятаб букIана администрациялъул хIалтIухъабигун цадахъ бакIазде щвей ва щибаб росдал масъала бакIалдаго тIубазабизе хIаракат бахъи.

Кинаб росулъ къварилъи кканиги, гьениве зигаралъеги щолаан МухIамад ва бажарараб кумекги гьабулаан. «Районалъул бетIерлъун вугеб мехалъ МухIамадзагьидил МухIамадил хIалтIулъ загьирлъана ритIухълъи, хIалтIуде бугеб жавабчилъи, щибаб росдал, щибаб идараялъул хаслъи, ахIвал-хIал бичIчIи, гьеб лъазабиялъул мурадалда гьорлъе вакки. Гьелда рекъараб къиматги кьадруги букIана ва буго МухIамадил жакъаги районалъул халкъалда гьоркьоб», - ан ракIалде щвезабуна Дагъистаналъул Халкъияв бахIарчи, гIемерал соназ Ругъелда росдал школалъул директорлъун хIалтIарав МухIамад ТIайгибовас.

М. МухIамадзагьидовасул хIаракатчилъиялъе къимат кьолаго, гьадин бицана «ХIакъикъаталъул» бетIерай редакторасул заместитель, «Россиялъул халкъазул ассамблея» абураб пачалихъиябгун жамгIияб гIуцIиялъул Дагъистаналъул регионалияб отделениялъул нухмалъулев Зикрула Ильясовас: «Дагъистаналъул хIукуматалъул аппаратalда дун хIалтIулеб заманалда цо чанго соналъ дида хадуб бухьинабун букIана Шамил район. Гьелъул нухмалъулевлъун гьеб заманалда вукIана М. МухIамадзагьидов. Районалде чанцIулго сапар гьабуна дица. Гьениб бугеб ахIвал-хIалалъухъ балагьараб мехалда, бихьулеб букIана гьев вацIцIадав инсан вукIин ва захIматчагIаздаги хIакимзабаздаги гьоркьоб гьесул кIудияб къимат бугеблъи», - ян.

2009 соналда МухIамадзагьидов хIалтIизе тIамуна ДРялъул Рохьил магIишаталъул агентствоялъул нухмалъулевлъун. Гьенибги загьирлъана гьесул жавабчилъиги тIалабчилъиги. Рохьал цIигьариялъул мурадалда, масала, МухIамадил бихьизабиялда рекъон республикаялда 5000 гекталалда чIана гьутIби, хIадурана гьутIбузулгун хьархъазул хьонозул 42 тонна, хIажатаб бакIалда чIезелъун гIезабуна анлъго миллионгIанасеб гьветI. Гьединго, рохь цIуниялъул рахьалъ тарбия кьеялъул мурадалда, республикаялъул школазда рагьана лесничестваби. Амма аслияблъун букIана рохьал цIа ккеялдаса цIуниялъул масъала. «1991 соналдаса нахъе ДРялъул Рохьил магIишаталъул идарабазе кьечIо цIа свинабиялъе хIажатаб техника. БукIинчIо гьелъие къваригIунеб кьайиалатги. 2012 соналда нижеца хитIаб гьабуна Россельхозалде ва гьелъул хIасилалда рагьана цIа свинабиялъулгун химикияб станция (лъабабилеб классалъул). Гьелдалъун рес щвана 200 миллион гьурщиде техника босизеги», - ян бицана М. МухIамадзагьидовас.

Гьесул хIалтIулаб биографиялъул иргадулаб хIокIлъун лъугьана «ДРялъул хIукуматалъул председателасул гIакълучи» абураб хъулухъ. Гьеб ишалда МухIамад вукIана 2012-2014 соназда. Ва гьелдаса хадуб ана мустахIикъаб хIалхьиялде.

БатIи-батIиял хъулухъазда хIалтIун гIумру арав МухIамад МухIамадзагьидовасухъа бажарана халкъалда гьоркьоб кьадруяб цIар цIунизе. КIодо гьавуна гьев республикаялъулги Россиялъулги нухмалъиялъги. Гьев мустахIикълъана «Гьудуллъиялъул ва «Божилъиялъул ва ритIухълъиялъул» орденазе, «ДРялъул муниципалияб хъулухъалъул мустахIикъав хIалтIухъан» ва «РФялъул гIаммаб лъай кьеялъул кьадрував хIалтIухъан» абурал цIаразе ва цогидал шапакъатазе.

М. МухIамадзагьидовасе халкъалъ кьолеб къимат хIисабалда рехсела гьесул районцояй Умахайир Гьаирбеговалъул кочIол мухъал:

**Баркала, МухIамад, яхI бугев хIара,**
**Гьаб гьайбатаб район бацIцIад гьабурав.**
**Алжаналда чIваги дур кIиябго квер,**
**Ильичил чирахъал гвангъизарурав.**

**Лъел цIезе иццухъе ине кIоларел**
**Харабаз лъел цIезе иццал гьарурав.**
**Мискиназул ургъел, херазул унти,**
**Дуда бичIчIулелъул, дун йохун йиго.**

**Гьекъолдухъабазул, анашистазул**
**Кьвагьа-гIанхъабазда тIасан хIучч цIарав,**
**Рецц-бакъ бокьулезде кьурун вуссунев,**
**РитIухълъи бокьулев гьудуллъун кколев.**

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***



ГIурада росу

# Советияб заман. МагIарухъ районал гIуцIи

*(Байбихьи цебесеб номералда)*

**15. ТIиндадерилгун ЧIамалазул участок. Центр Агъвали.**
ГIанди округалда гьоркьоб ДАССРалда гьоркьобе бачIана 1928 соналъул 20 январалда гьабураб ВЦИКалъул декреталдалъун.
1926 соналъул 28 марталда ДАССРалъул ЦИКалъул президиумалъул хIукмуялдалъун участок къана.
Участокалда гьоркьор рукIана – Агъвали, Акнада, Ангъида, ГIаша, ТIадгъаквари, Гъадири, Гьигьалъ, Гьоркьгъаквари, Сагъада, ТIинди, ТIисси ва ЦIумада росабазул советал.
**16. ТIехIнуцалазул участок. Центр Болъихъ.**
ГIанди округалда гьоркьоб ДАССРалда гьоркьобе бачIана 1921 соналъул 20 январалда ВЦИКалъул декреталдалъун.
1926 соналъул 28 марталда ДАССРалъул ЦИКалъул хIукмуялдалъун участок къана.
Участокалда гьоркьор рукIана – ГIалахъ, АнсалтIа, Болъихъ, Гъодобери, Зибирхъали, Кванхидалъ, МигIарсо, Муни, Гьоркьаинхело, ТIандо, ТIасутIа, Кьохъ ва Шодрода росабазул советал.
**17. ТIелекь-Гьидалъ участок. Центр ТIидиб.**
Гъуниб округалда гьоркьоб ДАССРалда гьоркьобе бачIана 1921 соналъул 20 январалда ВЦИКалъул декреталдалъун.
1926 соналъул 28 марталда ДАССРалъул ЦИКалъул хIукмуялдалъун участок къана. Участокалда гьоркьор рукIана – Гьоор, КъахIиб, ГIурада, ТIидиб, Ракьуб, Ругъелда ва ТIелекь росабазул советал.
**18. Кьенсерухъ участок. Центр ГIириб.**
Гъуниб округалда гьоркьоб ДАССРалда гьоркьобе бачIана 1921 соналъул 20 январалда ВЦИКалъул декреталдалъун.
1926 соналъул 28 марталда ДАССРалъул ЦИКалъул хIукмуялдалъун участок къана.
Участокалда гьоркьор рукIана – Арчиб, Дусрахъ, Гьилиб, ГIириб, Магъар, Нукъуш, Арчиб, Шалиб.
**19. Ункъракь участок. Центр Эчеда.**
ГIанди округалда гьоркьоб ДАССРалда гьоркьобе бачIана 1921 соналъул 20 январалда ВЦИКалъул декреталдалъун.
1926 соналъул 28 марталда ДАССРалъул ЦИКалъул президиумалъул хIукмуялдалъун участок хвезабуна ва гьеб ракь Эчеда районалда гьоркьобе ана.
Участокалда гьоркьор рукIана ТIадхъваршини, Гьакъо, Инхокъвари, Къеди, КIванкьада, Метрада, Гьоркьхъваршини, Санкьада, Сасикь, Сильди, Хъварши, Хушет ва Эчеда росабазул советал.
**20. Хунзахъ участок. Центр Хунзахъ.**
Авар округалда гьоркьоб ДАССРалда гьоркьобе бачIана 1921 соналъул 20 январалда ВЦИКалда декреталдалъун.
1926 соналъул 28 марталда ДАССРалъул ЦИКалъул президиумалъул хIукмуялдалъун участок къана.
Участокалда гьоркьор рукIана – ГьацIалухъ, БакьагъечIи, БуцIра, КIудияб ГьоцIалъ, Гьолокь, ГьоркьагIахьалчIи, ХъахIикIал, ТIануси, ХIариколо, Хунзахъ, ЧIондокь ва Шотода росабазул советал.
**21. ЦIатIанихъ участок. Центр Харахьи.**
Авар округалда гьоркьоб ДАССРалда гьоркьобе бачIана 1921 соналъул 20 январалда ВЦИКалъул декреталдалъун.
1926 соналъул 28 марталда ДАССРалъул ЦИКалъул президиумалъул хIукмуялдалъун участок къана.
Участокалда гьоркьор рукIана – Гьоркьколо, Жалакьури, Коло, Кологьарадерихъ, МочIохъ, Мущули, ЦIатIанихъ, ГIобода, ГIоротIа, ЛъагIилухъ, Харахьи, Хьондагьамущи ва Хьиндахъ росабазул советал.
**Цогидал участоказда рукIарал магIарул росаби.**
1) ГIахъуша участокалда гьоркьоб Кутиша ва ХахитIа росаби.
22. Буйнакск участокалда гьоркьоб – Басрияб ЧIикIаб.
23. Жунгут участкаялда гьоркьоб – ГIаймаки, ТIасажунгут, Дурангъи, КъулецIма, Урма.
24. ЦIадахIари участокалда гьоркьоб – Чуни.
25. Чирюрт участокалда гьоркьоб – Чирюрт.

## ГIахьвахъ район - центр штаб ГIахьвахъ, 1937 соналдаса КIаратIа росу

1933 соналъул 15 ноябралда гьабураб ВЦИКалъул хIукмуялдалъун Болъихъ районалда гьоркьоб букIараб 11 росдал советги гьорлъе гьабун, центрлъунги штаб ГIахьвахъ росуги гьабун рагьана ГIахьвахъ район.



ТIадмагъилъ сипат

- ВЦИКалъул 1937 соналъул 21 июналда гьабураб хIукмуялдалъун райцентр КIаратIа росулъе бахъана.
- 1963 соналъул тIоцебесеб февралалда къватIибе бачIараб РСФСРалъул Верховный Советалъул президиумалъул указалдалъун район къана ва гьелъул ракь Болъихъ районалда гьоркьобе кьуна.
- 1965 соналъул 12 январалда къватIибе бачIараб РСФСРалъул Верховный Советалъул президиумалъул указалдалъун цересел гIорхъабазда цIидасан гIуцIана ГIахьвахъ район.
**ГIуцIаралдаса нахъе гIорхъабазулъ ккарал хиса-басиял:**
- ВЦИКалъул президиумалъул 1937 соналъул 20 июлалда гьабураб хIукмуялдалъун Болъихъ районалдаса ГIахьвахъ районалде кьуна ГIанчихъ, ГIарчо, Рацилъ ва ЦIолода росабазул советал.
- ДАССРалъул Верховный Советалъул президиумалъ 1951 соналъул 25 сентябралда гьабураб хIукмуялдалъун Гьимерсо росдал совет ЦIумада районалде кьуна.
**Районалда ругел росаби:**
ГIанчихъ, ГIарчо, ТIарадаинхело, Изано, Ингердахъ, КIаратIа, КIудиябросо, Лологъонилъ, МестIерухъ, Рацилъ, ТIадмагъилъ, Лъибишо, ТIукитIа, ЦIолода, Кванкьеро, Лъисси, Маштада, Рачабулда, Штаб, ЦIвакилколо, ЦIумали.

## Болъихъ район - центр Болъихъ росу

Дагъистаналда районал гIуцIиялъе ДАССРалъул ЦИКалъул VI ахIиялъул ункъабилеб сессиялъ 1928 соналъул 22 ноябралда гьабураб проекталда рекъон ГIанди округалъул цо бутIаялда Гумбет подкантонги гьорлъе бачун гIуцIана Болъихъ кантон.
- 1929 соналъул 3 июналда ВЦИКалъул хIукмуялдалъун кантон сверизабуна районалде.
1963 соналъул 11 февралалда РСФСРалъул Верховный Советалъул президиумалъул указалдалъун ГIахьвахъ, Болъихъ ва цо бутIа Гумбет районазул гIорхъабазда жаниб гIуцIана Болъихъ росабазулаб район.
1966 соналъул 12 ноябралда РСФСРалъул Верховный Советалъул президиумалъул указалдалъун росабазулаб район цересел гIорхъабазда районалде сверизабуна.
**Район гIуцIаралдаса ккарал хиса-басиял:**
- 1930 соналъул 25 декабралда ВЦИКалъул хIукмуялдалъун гIуцIана жибго жиндаго чIараб Гумбет район .
1933 соналъул 15 ноябралда ВЦИКалъул хIукмуялдалъун гIуцIана Болъихъ районалда гьоркьор рукIарал ТIарадаинхело, Гьимерсо, Изано, Ингердахъ, КIаратIа, КIудиябросо, Лологъонилъ, МестIерухъ, ТIадмагъилъ, Лъибишо, ТIукитIа росабиги гьоркьоре рачун ГIахьвахъ район.
- 1935 соналъул 26 апрелалда ДАССРалъул ЦИКалъул хIукмуялдалъун Гумбет районалдаса КIижани росдал совет Болъихъ районалде кьуна.
- 1937 соналъул 20 июлалда ВЦИКалъул хIукмуялдалъун Болъихъ районалдаса ГIахьвахъ районалде кьуна ГIанчихъ, ГIарчо, Рацилъ ва ЦIолода росабазул советал.
- Чачанал Гьоркьохъеб Азиялде гочинарун хадуб РСФСРалъул Верховный Советалъул хIукмуялдалъун. 1944 соналъул 7 июналда хвезабураб Чеберлой районалъул ракь Болъихъ районалда гьоркьобе цолъизабуна. Гьелдаго гьоркьоб Нохчелоевский ва Нохчикаловский росдал советалги.
- 1957 соналъул 9 январалда РСФСРалъул Верховный Советалъул президиумалъул указалдалъун гьел ракьал тIадруссинаруна цIидасан гIуцIараб ЧИАССРалде.
**Районалда ругел росаби:** ГIалахъ, ГIанди, АнсалтIа, ГIашали, Болъихъ, Гьагъалъ, Гъодобери, Зиберхъали, Зило, Гьоркьа Инхело, Кванхидалъ, КIижани, МигIарсо, Муни, РахатIа, РикIвани, ТIандо, ТIасутIа, Кьохъ, Хелекьури, Щодрода, ГIортIаколо, Чанхъо, Беледи, Гъунха, ТIадгIалахъ, ЦIибилтIа, ШивортIа.

*(Хадусеб букIине буго)*

***П. ПАЙЗУЛАЕВ***



Болъихъ росдал авал

# «ХIалтIизе бокьуларес гIилла батула, хIалтIизе бокьулес рес балагьула»



Ахалович, тана гIемераб нахъа
ГIумрудул нухазда дандчIварабщинаб,
Амма кIочонарел рукIуна сонал,
Хасго дудагоги гIадамаздаги.

Дида дулъ бихьана кIудияб къвакIи,
ЛъугIи-тIагIин гьечIеб гIаданлъи ияхI.
Дуе рецц гьабизе кIвахIаллъун гуро,
Гьеб дуе хIалалаб бугеблъи лъала.

РакI лъикIав, гIакъилав, кверги гIатIидав,
Лъала мун киналго гьунзадерида.
Жигараб дур хIалтIул къиматги гьабун,
ХIукуматалъ кьуна Ленинил орден.

Лъазе бокьун буго дие, Нажмудин,
ЯхI бахъун гьабураб дур хIалтIул хIасил.
Райкомпартиялъул мун тIоцевесев
Секретарь вукIана цIунтIадерие.

ГIамал лъикIав вукIун вокьулаан мун,
РикIкIадасан дуе кьолаан салам,
Дуца гьабунщинаб пайдаяб хIалтIи,
Мисаллъун лъугьана хIакимзабазе.

НакIкIаз бахчараб бакъ къалъун баккула,
Бугеб дур бажари бихьизабуна.
Партиялъул мухъилъ мун къвакIун чIана,
Шапакъатазеги мустахIикълъана.

Дудаса босила мисал гIемераз,
ГIолеб гIелалъе мун вукIина чирахъ.
Гьелдаса чIухIила тIолабго район,
Дур каранда байдал Ленинил орден.

Дур нухдасан ина жакъасеб гIелги,
ГIолохъанаб жангун галиги тIамун.
ТIаде щвела цо къо гьунзадерие
Мун гIадав машгьурав цоги чи вугеб.

Жакъа хIалхьиялда мун вугониги,
КъваригIелалъ щварав нахъчIвалев гьечIо.
Гьеб буго бищунго ниж рохараб жо,
Нижеда кIочене гьечIо дур кумек.

ЦIунтIа районалъул Гъунзиса, 1940 соналда гьавурав Нажмудин ГIалиевасул эбел-эмен 1956 соналда гочана Чачаналдаса Грузиялде. ГIумру гьабулеб букIана Лагодехи районалъул Арешперан росулъ. Гьениб Нажмудиница лъугIизабуна школа ва хIалтIизе лъугьана Северияб Кавказалъул маххул нухазул МахIачхъалаялъулаб вагоназул отделалде слесарьлъун.

1961 соналда ана Донецк шагьаралде шахтерлъун хIалтIизе. ЛъагIалидасан тIадвуссана ва хIалтIана цин МахIачхъалаялда букIараб химзаводалде, хадув - цIорол кIкIор гьабулеб заводалде. Жигараб хIалтIухъ ва захIматалъулаб хIаракатчилъиялъухъ 1971 соналда гьесие кьуна «Ленинил орден». Гьединго кIицIул мустахIикълъана ДАССРалъул Верховный Советалъул ХIурматалъул грамотаялъе.

Гьев заочно цIалана Москваялда КПССалъул ЦКялда цебе бугеб Партиялъул тIадегIанаб школалда. ЛъугIизабуна ДГУялъул экономикияб факультет ва вахъана инженер-экономистлъун.

1970 соналда Н. ГIалиев вищана СССРалъул Верховный Советалде депутатлъун. 1980 соналда тIамуна КПССалъул ЦIунтIа райкомалъул кIиабилев секретарьлъун ва кIиго соналдасан - тIоцевесев секретарьлъун.

Нижергун букIараб гара-чIвариялда Н. ГIалиевас гьадин бицана: *«Араб гIасруялъул 1970-1980 соназда, Дагъистаналъул мугIрузул 18 районалда гьоркьоб хурухъанлъиялда ва гIи-боцIухъанлъиялда ругел хIасилазул хIисаб гьабун, ЦIунтIа район букIана ахирисеб бакIалда. Гьеб заманалда рукIарал КПССалъул Дагъистан обкомалъул пленумазда какулеб букIунаан район. Гьеле гьеб мехалда витIана дун районалде. Районалъул хIакимзаби, кIийдеги рикьун, цоцаздаса гIарзал хъвалел ратана. Хъутабазде щведал, гIи-боцIуе хIадурун батичIо хасел тIамизе гIураб рагIи-хер, кошараби ва фермаби ратана къачIазе кколеб хIалалда»*, - ян.

Доб заманалда БежтIа росдал колхозалъул хъутан букIана Гьизляр районалъул Брянск поселокалъул ракьалда. Гьеб бакI ралъдал лъеца гьанкъизабулаан. Зарал кколаан гIи-боцIуе, гьороца хвезарулаан харил гIархъал. Гьелъул гIадлу гьабизелъун Нажмудин ана ДАССРалъул обкомалъул секретарь МухIамадтIагьир ГIабдулбасировасухъе.

- Гьесул гIадат букIана жинхъего вачIарав чиясда байбихьуда дагьав хъачIго кIалъалеб. Дидаги абуна гьес, дуе кьезе гьаниб, Ленинил майданалда, дица хер бекьун букIаниланищ дуда кколебилан? Цо районалъул цо колхозалъ тIубалеб план тIубазабулеб гьечIо тIолабго ЦIунтIа районалъилан тIадеги жубана. Дица гьесие жаваб кьуна, дидаги лъикI лъалин гьаниб хер бижулареблъи, амма дун духъе вачIун вугин бугеб хIал бичIчIизабизе ва кумек гьабеян гьарун. ЦIунтIа районалъул хъутабазда цогIаги сон букIинчIин хIадур гьабураб харил щибаб гIарахъалъул 60-70 тонна цIайи бугеб. Ругелги гьабсагIаталда лъеца сверун ккун ругин.



Гъунзиб росу

ХIадурараб кормаги рагIи-херги рикIкIунеб формулаялда дидаги рикIкIине лъалин, нужеца доба лъугьун бугеб ахIвал-хIал лъазе комиссия битIеянги гьарана. Нужеца дун витIана бищунго нахъе ккараб районалде. Дуда мекъиги бихьуге, ЦIунтIа район буго киназго рехун тараб, тIалаб гьабулареб бакI. Гьанже дие кумекги нужеца гьабизе ккела. Гьаб кинабго дица бицарабщинаб обкомалъул пленумалда дуца бицинеги бокьун бугин абуна дица гьесда, - ян ракIалде щвезабуна Н. ГIалиевас.

ДАССРалъул хIукуматалъул председатель МухIамадгIали МухIамадовасухъе иналъул хIакъалъулъ бицунаго, Нажмудиница ракIалде щвезабуна:

- МухIамадгIали ватана чиясул мурад тIубалев хIаким. Дица гьесда абуна, дун духъе вачIун вугин гIи-боцIуе рагIи-хералдалъун кумек гьабеян гьарун. Бокьилаанин пиринчI бекьизе 350 гектарги кьуниян. ПиринчI лъалъалаго, лъеца ракьулъ бугеб цIам бахъун хадуб, цIоросаролъ яги цоги жо бекьизе бегьилин. Гьес гьебсагIатго телефоналдасан ахIана, пиринчI бекьизе ракьул 350 гектар ЦIунтIа районалъе кьезе хIукму хьвайилан», - ан.

Гьедин щвана Караузек ва Качалай росабазда гьоркьоб бугеб ракь. Гьениб бекьана пиринчI ва щибаб гектаралдаса бакIарулаан 60-80 центнер.

Дагь-дагьккун лъикIлъана районалъул колхозазул магIишатазул хIасилал, ва 1981 соналда мугIрузулал районазда гьоркьоб ЦIунтIа районалъ ккуна кIиабилеб бакI. 1982 соналда ЛъаратIа районалъухъ букIараб хьвадулеб БагIараб байрахъ кьуна ЦIунтIа районалъухъе.

Рехселин Нажмудин ГIалиевас ЦIунтIа районалъе гьарурал цо-цо пайдаял ишал. НахIада росулъе шагьранух бахъана. Чанго росулъ рагьана фельдшеразулгун акушеразул пункт. Гьинухъ габурлъиялда лъуна телевидениялъул вышка. Ток гьечIел росабалъе гьеб бачана. Щибаб соналъ лъеца босун унаан Мокъокъ росдада гIагарлъухъ бугеб гIорда тIасан лъураб кьо. «Дагънефталдеги» ун, Нажмудиницаги райисполкомалъул председатель С. ХIайбулаевасги щвезаруна кьодуе дандекколеб халалъиялъул щулияб рогIрал. ГIагарлъухъ ругел росабалъа гIадамалги рахъинарун, щула гьаруна сакал. Гьелдаса нахъе кьо махх гIадин чIана. Бокьун букIана вертолетал рещтIунеб аэродром самолетал рещтIинедухъ гIатIилъизабизе.

2008 соналда Нажмудин ГIалиев ана мустахIикъаб хIалхьиялде ва гьабсагIаталда гIумру гьабулев вуго Стальское росулъ. Нажмудиницаги Умусайбатицаги гIезабуна лъабго лъимер: кIиго ясги цо васги. КIудияв яс ПатIиматица лъугIизабуна ДГУ. Гьюльнараца лъугIизабуна ДГПИ, хIалтIулей йиго Стальское росдал №2 гьоркьохьеб школалъул директорлъун. Вас МахIач вахъана экономистлъун ва 25 соналъ хIалтIана МахIачхъалаялъул транспорталъулаб милициялда.

ЦIунтIа райсберкассаялъул заведующийлъун хIалтIулев дун цо нухалда щвана Нажмудинихъе. ХIикмалъизавуна гьесул столалда тIад лъураб хъорщода цIаларал гьадинал рагIабаз: «ХIалтIизе бокьуларес гIилла батула, хIалтIизе бокьулес рес балагьула». Жакъаги гьеб пикруялъе ритIухълъи цIунула Нажмудиница. Гьесул хIакъалъулъ гьадинаб пикру загьир гьабуна Нажмудинил росуцояв ГIумарасхIаб ГIабдулаевас: «Нажмудин дидаса чанго соналъ кIудияв вуго. Гьев вуго ракIбацIцIадав, гIадамаз къадру-къимат гьабулев, лъикIаб гIамал-хасияталъул инсан. Гьесул кIалдиса къватIибе гIумруялъ бачIун батиларо ритIухъаб гуреб рагIи», - ан.

***Рамазан АБУЛМУСЛИМОВ,***
***БежтIа участокалъул Гъунзиб росу***

# Колхозалъул гъоко нахъе гиризе биччачIо

**Гъанжего-гъанже михъида хIур чIвалев гIолохъанчи вукIана ВахIид 1957 сонал-да нилъер гIадамал Чачаналдаса нахъе гочинарураб мехалда. Росулъе щведал, жанир чIезе цо гьитIинабго рукъ батана биххизабичIого хутIун. Гьедин цIидасан байбихьизе ккана минаби разеги, хурзал рекьизеги, ракь хIалтIизабизеги.**



Чачаналдаго 10 класс лъугIун букIиндал, ВахIид цIализе ана Хасавюрталъул росдал магIишаталъул техникумалде. Гьеб лъугIидал, хIалтIизе вачIана Сомода росдал колхозалде. ХIалтIана бухгалтерлъун, парторглъун. Колхозин абуни букIана республикаялдаго машгьураб. ЛъикIал хIасилазе гIоло гьелъул цIар хъван букIана республикаялъул ХIурматалъул хъорщода, чанго нухалда щун букIана хьвадулеб БагIараб байрахъ, председатель мустахIикълъун вукIана ЗахIматалъул БагIараб байрахъ орденалъе, гьев вищун вукIана РСФСРалъул Верховный Советалъул депутатлъунги, доярка П. Шарапудиновалъе щвана Ленинил орден. Колхозалъул нахъраталилаб фондалда букIана 300-азарго гъурущ. Кумек гьабулаан нухал къачIазе, техника босизе. Колхозалъ пачалихъалъе кьолаан 40-45 тонна васул, 200 тонна гьанал, 1000 тонна рахьдал, пиринчIалъул щолаан 200 тонна. 400-500 гъурущ щолаан вехьасе, 300-400 гъурщидаса гъоркье кколароан дояркаби. Председательлъун вукIарав ХIасанил МухIамад пенсиялде индал, лъабго соналъ колхозалъе нухмалъи гьабуна ВахIидица. Экономиял суалалги лъалев, магIишаталда кьогоГIан соналъги хIалтIарав гьес нахъе гиризе биччачIо колхозалъул гьоко.

1987 соналда жидерго бегавуллъунги вищана къелдерица В. Сулейманов. Жиндиего хасиятаб куцалда тIаделъана ВахIид халкъалъул божилъи ритIухъ гьабизе. Аслияб иш букIана АваргIоралда тIасан кьо баялъул хIалтIи, киналго школазда (5 байбихьул школа) ккуна тIохда махх, гьабуна гьезие капиталияб ремонт, кIвар кьуна росабалъе санагIатал нухал гьариялъе, чIаголъизабуна культураялъул учреждениязул хIалтIи. АнцIго соналдасан, колхозалъул иш нахъе кколеб бугиланги абун, нахъеги тIамуна колхозалъул бетIерав бухгалтерлъун. Анлъго соналъ гьенивги хIалтIун, ГIурчухъа Сомоде хьвадиги захIмалъун, гьев ана Ругъелда участковияб больницаялде бухгалтерлъун хIалтIизе. Кив хIалтIаниги, гьесухъа бажарулаан гIадамазе шартIал чIезаризеги, гьезул божилъи букIунедухъ хIалтIи нухда бачинеги.

МустахIикъаб хIалхьиялда вугониги, районалъул бетIерас гьев витIана хъуталде, пуланаб колхозалъул ревизия гьабизе. ТIатинабуна 46 чIегIерхIайван камун букIин. Гьелъул хIасилалда районалъул бетIерас ХIурматалъул грамотаги кьун кIодо гьавуна гьев. Руго гьесул цогидал шапакъаталги. Гьев ккола «ДРялъул мустахIикъав экономист», чанго нухалъ вищун вукIана райсоветалъул депутатлъун.

Гьанже 82 сонил ригьалде ваханиги, хIалхьиялда чIолеб хасият гьечIо ВахIидил. РакIунтун вукIуна цебе букIараб магIишаталъул жакъа хутIараб жо бихьидал.

- Дида цIакъ квеш букIуна гIи гочунел нухазул иш лъикI гьечIин рагIидал. РакIунтизабула къунцIараб квас босулел бакIал гьечIолъиялъ. Хурзал руго рехун тун. МагIарухъ букIана колхозалъул 300 гIака. Гьениб гIезабулаан районалдаго машгьураб хIан. Щай бегьулареб гьанжеги гьел хьихьизе? Щай бегьулареб могъолал культурабаз хайир кьолеб батичIони, картошка, хъапустан, чIалкIутIан, ламадур бекьизе росабалъ, гIураб лъимги бугони. Исана цIакъ лъикI бижун буго гIинтIи, амма гьеб бакIарулев чиго гьечIо. ХIалтIизе бокьулеб гьечIо гIадамазе, - ян бицана В. Сулеймановас.

ВахIидие цIакъ бокьула газетал цIализеги. Гьираялда цIалула «ХIакъикъатги».

- ЛъикIаб газетани буго, амма жиндир заманалда бачIунароха. ЦIализе бокьула «Гьикъе-бицина» рубрикаялда гьоркь рахьарал баянал, - ан бицана ЗахIматалъул ветеранас.

*Сайпула ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ*

# ЦIолода росдал бегавул ГIабдусаламие

ЦIаладерил бегавул - баракатав хIакимчи,
ХIаракатлъи цIикIкIарав, цIар тарихалда тарав,
ГIолохъанлъи берцинав, гьалмагълъиялъ рахъкколев,
ЖамагIатги разияв, ГIабдусалам - росдал вас.
Хъулухъ цIехон хьвадичIев, хIалтIуца валагьарав,
Къураб рагIи холарев, халкъалъ тIалаб гьавурав,
ТIаде босараб хIалтIи тIубачIого толарев,
Дур цIар чIухIун рехсола росдал гIолохъабаца.
Мун гIадинав цевехъан цоги росабалъ гьечIин,
ДандечIварал лъалеца рохун дида бицуна.
Тухум гIодоб къулулеб гIамал дуе кьун гьечIин,
Борхатго кквe кидаго камилазулъ дурго цIар.
Дуйго щвараб буголъи пайдаялъе малъулев,
Бюджеталъул гIарцуда божун хIалтIи гьабичIев,
ГIадамазул хIажалъи тIубазе вортанхъулев,
Аллагьас квербакъайги гьарулел ишазулъ дуй.
МагIарухъ - ЦIолодаги хIалтIи лъикI унеб буго,
Къадал ран, лъеда хIалтIун тIубала дурго налъи.
ЖамагIаталъул гьари заманалда тIубала,
ТIаса бихьизабулеб гIамал дуе кьун гьечIо.
ГIагарав, божаравин батIа чи гьавуларо,
Щивасул мурад тIубан рази гьавула инсан.
Рукъалъул хIалтIи рехун, росдалаб цебе гьабун
Аллагь разилъи буго гIумрудулъ тIаса бищун.
ГIатIиракьалда бугеб ЦIияб ЦIолода росулъ,
Гьарурал хIалтIабазул сияхI кIудияб буго.
Дуе квербакъулел цадахъ бугеб гьалмагълъи,
Чорхое сахлъиги кьун, рекIее бокьухъ тайги.
ГIакълу гьечIез какараб калам гьабунаниги,
Дуца гьабураб хIалтIи лъидаго цебе буго.
ХIарщулъ мерхьун таниги, месед чороклъуларо,
Чорокал ракIазулъ хинлъи цIехезе лъалъунге...
ГIабдусаламие эбел Купрае сахлъи кьеги,
Сахав, иман камилав вас гIезе гьавуралъухъ.
Алжаналъул агълулъун хварав эмен гьавеги,
ГьитIинго тарбия кьун вас куцазе кIваралъухъ.
Киналго росуцояз гIумру дуе гьарила,
Илбисалъ къосунареб иман дур щулалъаги.
Хъизан-рукъ цоцалъ рекъон къиматалда хутIаги,
Дуца гьабунциналъул кири дуе цIикIкIаги.
ХIаким веццун сарин киданиги хъван букIинчIо,
ХIикмалъи Аллагьасул ракIалде гьеб тIамурав.
Кколареб жугьаги хъван дун мекъи ватанани,
ТIаса лъугьа, БетIергьан, загIипав дур лагъ вугин...

*Низамудин ГЪАЗИЕВ,*
*мугIалим, насихIатчи, шагIир, хъвадарухъан*

# Гьарула, БетIергьан

Къудратав Аллагьас кьун буго гIумру
Рижараб ракьалда лъикIлъи гьабизе.
КIвеладай нилъеда щибаб лахIзаталъ
Аллагьас малъухъе гIумру тIамизе.
Мунагь камурав чи гьаб дунялалда
ВукIунарин аби, уяб батила.
Дунги, батIалъи щиб, инсан кколелъул,
Ккун ратила дихъа цо-цо тохал жал.

Дида лъачIониги рукIун ратила
ГIемерал гьалатIал ва гIунгутIаби.
УргъичIого ккарал мунагьаздаса
Гьарула, БетIергьан, тIаса лъугьаян.
Диналъул хIубилъун дунги вукIинчIо,
ХIалихьалъи, квешлъи дица гьабичIо.
Бикьулеб, хьамулеб махщелги щвечIо,
ВацIцIадго хьвадизе жигар бахъана.

ГIарац-меседалда хадув лъугьинчIо,
ЧIахIиял гьундузде хиялги лъечIо.
ЖахIда-хIусудалда заман тIамичIо,
ЧIухIарал чагIазул гьудуллъи ккечIо.
БачIун тIаде щвела дунги унеб къо,
Тела дицаги гьаб байтулман дунял,
Гьас бикьун, дос кванан, дица бецIулеб
Пачалихъ аниб тун, ина ракьулъе.

Ина гьерсил цIураб дунялалдаса,
Капиталалъ жинда ханлъи гьабулеб.
Гьурщица гурони жиб борцунареб
Инсанасул гIумру ракьалдаги тун.
Къиямасеб къоялъ жаваб кьолелъул,
Доб сиратIалъул кьо бахунеб мехалъ,
ЛъикIаб рахъ борцунеб цояб цIадиро
Цодагьаб гIодобе гьункьилародай?

*ТIалхIат АХЪБЕРДИЕВ*

# ЧIарадаса гIолохъабазе сайгъат гьабула

Рорхатал мугIрузул тIогьаллъабазда,
Рии бачIаниги, гIазу бихьула.
Гьале гьоб машгьураб ЧIарада район,
Гьунар бугел васал жанир рахъараб.

Къаралалгун Кьенсер, Мукракьги цолъун,
ГIуцIараб магIарул жамгIияб бутIа.
Мамадибир Рочи, МухIамадтIагьир,
Багиниса ШугIайб - нижер гIалимзай.

ХIасанов МухIамад - яхIалъул хIуби,
ТIоцевесев мастер магIарулазул,
Чан рекъел-маслигIат дуца гьабураб,
ДагIба-рагIи ккарал гIолохъабазул.

Ибрагьимов гIадал прокурорзаби,
ГIемерлъаги нилъер Дагъистаналъе,
Дур мисалги босун хIалтIеян абе,
Гьаб заманаялъул закон цIунулел.

ГIабдурашид Гьили, ХIайдарбек ХIурухъ,
Мокъсоса СагIитбег, Гьунухъа Шарип,
КъурахI, Асилдерги, ГIарациловги,
ХIасрат, Ибрагьимов - лебалал васал.

Кавказго мукIураб бихьиназул хор,
РагIуй гьунар бугел хьвадарухъаби,
Шахтаманов, ГIабдул, ХIабиб, МухIамад,
Нуж рекIелъ рукIина, нуж кIоченаро.

Гьаб Дагъистаналда мажгиталги ран,
Мискин-пакъиразе кумекги гьабун.
МагIарул гьаб гIалам гIодулебги тун,
Ана АхIматIилав ахираталде.

Больницалъул бетIер - ГIириса Къурбан,
Дур бажариялъул бицуна халкъалъ.
Унтарал, щокъазе квегIенлъи лъикIаб,
Гьелъин унтаразул цIайи ЦIурибе.

Дун вохарав вуго гьеб районалъул,
Гьудулзай гIемерал дирги ругелъул.
ЯхI-намус цIикIкIарал, къартI бугел васал,
Дунял-ахират кьун рохизареги.

*Каримула ГIАБДУЛАЕВ*

# НахъбакIалъул хIаял

**Гьанжесеб Салатавиялда некIо НахъбакIин абулаан. Гьелда гьоркьоре унаан гьанжесел Казбек ва Гумбет районазул росаби.**

**Цогидал росабалъго гIадин, гьезулги рукIана гьарулел хIаял, расандаби, чIвалел бицанкIаби, аби-биценал. Амма гьеб кинабго гьанжесеб гIелалда кIочонеб буго. Гьединлъидал тIубанго кIочон течIого рукIиналъул мурадалда, рехселин умумузул хьвада-чIвадиялъулъ рессун рукIарал, гьезул тIабигIат-гIамал куцарал цо-цо жал.**

## Маргьаби

Цо чанго чи данделъаралъуб байбихьулаан маргьаби рицине. Цин цояс, хадуб цогидазги, ай иргадул бицунаан. Гьезулъ рихьизарурал сипатсуратазе, магIнабазе ва бицунесул махщалие гIенеккараз лъикIаб къимат кьурав бергьаравлъунги рикIкIунаан.

Халкъалда гьоркьор цIакъго тIиритIараллъун кколаан бицанкIаби, кицаби, биценал ва къисаби. Гьел гIемер лъалев ва гьираялда бицарав бергьаравлъун рикIкIунаан.

БицанкIаби чIвалаан, маргьаби рицунаан хасалил халатал сардал къокъ гьаризелъун.

## БакIиде рахун, саринал гьари

Данделъаразда гьоркьоса чIужугIаданги бихьинчиги бакIазда гIодор чIезарула. ЧIужугIаданалъ, килщазгун квераз ишарабиги гьарулаго, борхатаб гьаркьидалъун сарин рикIкIунаан. Гьей лъугIидал, цогидаб бакIида гIодов чIарав бихьинчияс, дой гIаданалъул рагIабиги такрар гьаричIого, гьелде ишарабиги гьарун, данде хехго жаваб кьолаан. Гьедин гьабулаан цо чангояз ва балагьараз къиматги кьолаан.

## КечI ахIи

Гьеб ккола сарин гIадаб гьечIониги, калам цебетIезабиялъул хасаб къагIида. Амма гьелъие цадахъ хъумуз ялъуни жергъен къваригIуна. Гьединал дандеракIариязда хIалтIизарула кучIдузул батIи-батIиял тайпаби: рокьул, кьалул, лъугьабахъиназул.

## ХIасандала хIай

Гьелъие кIиго ялъуни цIикIкIун чи гIодов чIезавула ва цояс, кодобе тIилги босун, кIиго-лъабго нухалъ гIодоб тунканщинахъе, «хIасандала, хIасандала» - янги абулаго, аскIов вугесухъе кьола, «ма, гьветIиланги» абун. «Щиб гьветIилан» гьес суал кьедал, тIил жиндихъе щварас абизе ккола лъалеб гьотIол цIар. Гьединаб къагIидаялда сверун гIодор чIаразухъе иргадал кьола гьеб тIил. Гьеб кодобе щвара-щварас кинаб бугониги гьотIол цIар абизе ккола. ЦIарал такрарлъизеги бегьуларо. ТIилие жаваб кьезе кIвечIесухъе тIокIаб гьебги кьоларо. Бергьаравлъун рикIкIуна бищун гIемер гьутIбузда цIарал лъарав.

## Цо хIарпалдаса байбихьулел рагIаби рехсей

КIиго ялъуни чанго чи гIодов чIела. Гьезул цояс, масала, «гъ» хIарп бетIералда бугел рагIаби щалин гьикъула аскIов вугесда, гьесги 9-10 рагIи рехсола. Масала, **гъармахъ, гъадаро, гъамас, гъат, гъалдибер, гъеду.** Гьединго гьебго хIарп рагIул бакьулъе ккаразулги, рагIул ахиралде ккаразулги мисалал рачине ургъизе тIамула гIахьаллъарал.

Гьелдаго цадахъ машгьурал хIаял рукIана чорхол сахлъи щула гьабиялда, лъималазулъ гIедерлъи бижизабиялда, хехго ургъизе тIамиялда хурхарал.

## Лапч рехи

Гьелъие хIадур гьарун рукIунаан батIи-батIияб бакIлъиялъул ганчIал. Гьел рехула ва гамачI-лапч



щвараллъуб гIужги бала. Гьедин рехула иргадал ва бергьенлъи босула бищунго рикIкIаде гамачI рехарас.

## ТоргIо кьаби

ТоргIо кьаби гьабизе рачIарал гIолилал кIиго къокъаялде рикьула. Гьез рехула можоро ва бергьаразул къокъаялъул щивав чияс, жиндихъе къураб торгIо, кIвараб къагIидаялда тIилги кьабун, рикIкIаде боржинабизе ккола. Гьеб тIил торгIоялда щвечIони, гьесухъе нахъеги рехула торгIо (цо нухалда). Гьес кьабураб торгIо ракьалда щвезегIанго ккезе хIадур букIуна можороялъ къуразул къокъа. Гьезул цоясухъениги, ракьалда тункичIого, гьаваялдасанго гьеб торгIо ккевезе щвани, гьеб къокъа торгIо кьабулеб бакIалде бачIуна, цогидаб гьезул бакIалде уна. ТIил кьабизе торгIо рехулев чиги дандиязул вукIине ккола. ТIилги кьабун, торгIо боржун араб мехалда гьев векеризе ккола чIезабураб гIужихъе. Гьеб гIужалде щвезегIан гьесда торгIо речIчIизе бегьуларо. Гьенисанги гьев векерула тIасияб гIужихъе, гьениве щвелалде, дандиязул чияс, жиндихъе ккевезе щвечIого, ракьалде бортараб торгIо тIурун вачIунесда щвезабуни, досул дандиял цIидасан торгIо кьабизе рачIуна.

## Рахчирукъ гьаби

Гьеб гьабулеб къокъаялда бокьанагIан лъимал рукIуна. Гьезда гьорлъа цояв къанщула, цогидал рахчизе уна. Къанщарас рахчаразул цояв ккуни, хутIаралги дов цевеккун къанщаравги рахчизе уна, ккурав къанщула.

## Хъарщи рехи

Лъималазул кIиго къокъа гIуцIула. Киназдаго лъалеб цо хъарщи, кIиялгоги къанщизе гьарун, гIодов чIарас рикIкIаде рехула. Гьеб хъарщи балагьизе уна киналго. Гьезул цоясда хъарщи батани, цогидазул ихтияр буго гьеб бахъизе. Цинги гьеб гIодов чIун вугев нухмалъулесухъе щвезабула. Гьесги, киналго нахъегIанги чIезарун, цIидасан расанди байбихьула.

## Бурди-тIил

Гьелъие къваригIуна кIиго чи. Рехула можоро, бергьарас бурди, эхедеги кIанцIизабун, тIилица кIварабгIан рикIкIаде кьабула. Хадуб бурди кьабурас жиндихъго бугеб тIил цо борхатаб ганчIида цояб рахъ, ракьалда цогидаб рахъги лъун чIезабула. Дандияс бурди доб тIилида речIчIула. Цинги гьеб тIилида щвани, дандияв бурди кьабизе вачIуна. Цебе бурди кьабурав досул бакIалде уна.

## ЧчултIица хIай

Гьелда бокьаралгIан лъимал гIахьаллъизе бегьула. Бухьила гьитIинабго донкIо (гвенд), дандвитIун цо-цо метралъул манзилалда, кодор тIилалги ккун, кIигояв чIела. Гьезул кваранаб ва квегIаб рахъалдасан кIигоявги чIела. Гьезул кваранаб ва квегIаб рахъалдасанги, кIи-кIи метр гьоркьоб тун, гьелго тIилалгун бокьаралгIан гIолилалги чIела, жиндие гьалмагъ гьечIого хутIаравги бокьараб иргаялъул цо рахъалда чIела. Цинги можоро къурас, гьеб иргаялъул бокьараб рахъалдехунги чIун, цебе ккараб жо гьоб донкIнибе кколедухъ рехила. ТIилал кодор ругезул ихтияр буго гьеб донкIнибе ккезегIанго нахъе кьабизе. ДонкIнибе ккараб мехалъ гьелда кьабизе бегьуларо. Цинги, хех гьабун, гьез гIамал гьабизе ккола жалго чIезе цIияб бакI батизе. Доб жо рехарасги жиндиего чIезе бакI балагьила. Гьедин цIияб бакI балагьизе кIвечIев чи къуравлъун рикIкIуна. Гьевги иргаялдаса ватIалъун, цIидасан добго жо рехизе ине ккола.

## Гъабчица гьари

Гьеб хIаялда кIигояв ялъуни цIикIкIун чи вукIине бегьула. Гьез, къоноккараб тайпаялъул ганчIал кодор ккола, къанал рикIкIадегIан лъун, бахъун чIараб ганчIида ялъуни цIулада речIчIула. РечIчIараб къоно, гьелдаги щун, кIанцIараб бакIалде чан хIетIе бугебали рикIкIуна. Нусиде бахарав бергьуна. Нагагь нусиде бахинчIони, цоги речIчIараб мехалъ ккараб тIаде жубазе бегьула.

Гьанже гIадин шахматал, шашкабиги, телефонал рукIинчIелъул, пикраби церетIезариялъе, гIакълу камил гьабиялъе тIадехун рехсарал хIаязда цадахъ хIалтIизарулаан дамул гьари ва кагътал хIай.

***З. ИЛЬЯСОВ***



## ТIОГЬИЛЛЪАРАЛ ТIАНЧАЛ

**1936 сон. ЧIарада мухъалъул партиялъул конперенция. ТIоцебесеб кьерда бакъулъ гIодов чIун вуго тIоцевесев секретарь - Магъариса ГIабдулкъадир ГIалиев. Жиндир заманалъ исламияб гIелмуги босарав, Рилъаса Халидил мутагIалим вукIарав гьев, нахъа ана партиялъул хIалтIуде.**

**1937 сон. ГIабдулкъадир ГIалиев - ЧIарада райком-партиялъул тIоцевесев секретарь НКВДялъ халкъалъул тушманин абун жанив тIамула. КIиго сонгIан заман гьес бала Хунзахъ туснахъалъуб. Щибаб къоялъ батIибатIиял цIех-рехал гьарулаан гьесие. Халкъалдехун гьесул тушманлъи бугин абурал, гьесул гъулбасал ругел протоколал хIажат рукIана гьезие.**

**Я вухун, я хIал гьабун гьезда ГIалиев къуркьизавизе кIвечIо.**

**Жиндирго гIумруялъул къоял лъугIизегIан ГIабдулкъадир хIалтIана ЧIарада районалъул нухазул отделалъул нухмалъулевлъун.**

***«Восточный Кавказ» телеграмалдаса***



## РагIикъотI



**ГIебеде:** 1. Балъго, изну кьечIого, гIорхъодасан къайи боси. 7. КIудияб, гургинаб чед. 8. Сахлъи, чIаголъи, тирилъи. 10. Черхалъул гIуцIиялъул цо бутIа. 11. Финляндиялда бугеб хIор. 13. Лага-черхалъул борхалъи. 16. Динияб кечI. 17. Инсан, гIи-боцIи, рухIчIаголъи хьихьараб жо. 19 Ххамил гьитIинабго сумка. 20. СШАялъул штат. 21. Ханасул рагъухъан. 23. Машинаби хьвадулеб нухде тIолеб жо. 24. ТIаде бачIунеб бечелъи. 26. Сурат жаниб лъолеб алат. 27 Организациялда нухмалъиялъе бищараб къокъа. 30 Каспий ралъдалъе чвахулеб гIор. 33. Латвиялда бугеб гIор. 34. Россиялда бугеб чIинкIиллъи. 35. Летчик-космонавт.

**ГIодобе:** 1. Нартида хIалтIулеб печь. 2. Автомашинаялъул марка. 3. Административияб цолъи. 4. Бихьинчиясда цIар. 5. РикIкIен, хIисабалъул тарих. 6. Краснодар краялда бугеб шагьар. 7. Россиялъул областалъул центр. 9. Цо даруялда цIар. 12. Литература, хъвадарухъабазул ва шагIирзабазул асарал. 14. Франциялда бугеб бищун халатаб гIор. 15. Къец байбихьулеб заман, лахIзат. 17. Лъадал нух. 18. ДагIба-къец, семи-хьами. 22. ГIахьалаб буголъигун цадахъ хIалтIизе ва гIумру гьабизе данделъарал гIадамал. 25. ЧIужу хварав чи. 28. Школалда цIалдохъабазе дарс кьолеб рукъ. 29. ГIадан, чи. 31. ГьитIинаб ресторан. 32. РагIул бутIа.

***ГIуцIана ГIалиасхIаб ДАВУДМИРЗАЕВАС, ЧIарада район, Гьочоб росу***

**13-аб. номералда лъураб рагIикъотIалъе жавабал:**

**ГIебеде:** 1. Мокъокъ. 6. Хъабахъ. 9. Аризона. 10. Сасин. 11. Нукар. 12. ЦIурачед. 14. Доска. 17. Авлахъ. 20. АхIмакъ. 22. ИТАР. 23. Рама. 24. Адаб. 25. Марш. 26. «Орск». 28. Амру. 29. Идара. 30. Томск. 33. Давла. 36. Армавир. 39. Рахит. 40. Арбат. 41. Агроном. 42. Керен. 43. Алапа.

**ГIодобе:** 1. Месед. 2. «Къисас» 3. КъанцIа. 4. Литр. 5. Борч. 6. Хъанда. 7. Бокал. 8. Хъарахъ. 13. Асма. 15. Онтарио. 16. Каракас. 18. Варшава. 19. Адмирал. 20. Азали. 21. КъвачIа. 27. Ваза. 30. Терек. 31. Михир. 32. Катан. 33. Драма. 34. Вобла. 35. Астра. 37. Март. 38. Вена.

ХIАКЪИКЪАТ

**БетIерай редактораялъул ишал тIуразарулей**
ХIАЖИЕВА Зульфия Багъатаровна
65-00-66

**Заместитель**
Зикрула ИЛЬЯСОВ

**Жавабияв секретарь**
МухIамадхIабиб МАХIАТIОВ

**Отделал: Тарих**
Редактор: **Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ**
МухIамад Манапов

**Информация, политика, гIелму ва лъай кьей**
Редактор: **Кавсарат Сулейманова**
Ашахан Юсупов
Рукъият ГIалисултанова

**РухIияб хазина**
Редактор: **ПатIимат ГьитIинова**
ПатIимат СултIанмухIамадова

**Адабият**
Шамай Хъазанбиева

**Росдал магIишат**
Редактор: **ГIабаш ГIабашилов**
ПатIимат МухIамаева

**ЦIалдолезул кагътал**
Нури Нуриев
ГIайшат ХIалакъова

**Корректор**
Хадижат Дамаданова

**Социалиял гьинал, IT-технологиял**
МухIамадкарим ХIамзаев

Электронияб почалъул адрес:
**hakikat1917@mail.ru**
**www.hakikat.info**

Заказ №____
Печаталъе гъулбасана - 20.00
Гъулбасана - 19.00

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ВА ИЗДАТЕЛЬСТВОЯЛЪУЛ АДРЕС:**
367018 МахIачхъала, Насрудиновасул проспект, 1-А
Газета къватIибе биччана «Лотос» басмахана» ОООялъ
367000, МахIачхъала Пушкинил къватI, 6

«ХIАКЪИКЪАТ» ГАЗЕТА ГIУЦIАРАЛ:
ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентство

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 21.05.2019 г.
Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00427

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, балъголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Редакциялъ кидаго гуро макъалаялъул авторасул пикру гIахьал гьабулеб

**Тираж - 5009**

Газеталъул индекс: 51314 (бащдаб лъагIалие)

Багьа 15 гъурущ

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Заман», «Аваристан», «ХIалтIулел чагIи», «БагIарал мугIрул», «МагIарул мискинзаби», «МагIарулав», «Социализмалъул байрахъ», «МагIарул большевик», «Дагъистаналъул правда», «БагIараб байрахъ».